

Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan  
Untuk umum

# Menak Kala Kodrat 2

R. Ng. Yasadipura I



Direktorat  
dayaan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

# MENAK KALA KODRAT

## 2

Oleh  
R. Ng. YASADIPURA I

Alih aksara  
SOENARKO H. POESPITO



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan  
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA  
INDONESIA DAN DAERAH  
Jakarta 1982



**Diterbitkan seizin PN Balai Pustaka**

**BP No. 116a**

**Hak pengarang dilindungi undang-undang**

## KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahannya pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seiring dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari PN Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah

## ISINIPUN

Kaca

|                                                                                                     |     |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------|-----|
| 16. Candhakipun Patih Baktiyar matur ngamandaka dha-<br>teng Prabu Hirman .....                     | 9   |
| 17. Prabu Gulangge lan Prabu Salsal anglurugi Wong<br>Agung .....                                   | 17  |
| 18. Prabu Hirman sakuthu kaliyan Prabu Gulangge lan<br>Prabu Salsal, badhe mengsah Wong Agung ..... | 26  |
| 19. Prabu Hurmus kadadosaken senapatinipun Wong<br>Agung. ....                                      | 34  |
| 20. Rembag badhe campuh ing prang .....                                                             | 42  |
| 21. Cidra manggih papa .....                                                                        | 48  |
| 22. Raja Hunuk Marjaban ngedali prang .....                                                         | 54  |
| 23. Prajuritipun Prabu Hunuk Marjaban kathah ingkang<br>tiwas .....                                 | 57  |
| 24. Prabu Hunuk Marjaban ngedalaken pangabaran .....                                                | 66  |
| 25. Seh Wahas manggihi Prabu Hunuk Marjaban .....                                                   | 73  |
| 26. Raja tandhing sami raja .....                                                                   | 82  |
| 27. Prabu Hunuk Marjaban wangsul dhateng Kala Ko-<br>drat .....                                     | 90  |
| 28. Prabu Hirman mertobat .....                                                                     | 101 |
| 29. Prabu Hirman dipun sadataken malih .....                                                        | 109 |



## **XVI. CANDHAKIPUN PATIH BAKTIYAR MATUR NGAMANDAKA DHATENG PRABU HIRMAN**

### **Dhandhanggula**

1. Prabu Hirman angandika aris,  
"Durung ana timbalane kangmas,  
ingsun ngandikakken muleh,  
anaa dhawuhipun,  
karya wisma lan aja mulih,  
mangsa sun lengganaa,  
ing parentahipun."  
Patih Baktiyar tur sembah,  
"Mila ewed angger nggenipun nglampahi,  
wong becik pinrih ala.
2. Malah damel pangolah sinandi,  
prajurite jeng rayi paduka,  
sagah nyepeng samangsane,  
Sang Prabu Sikatturun,  
nama raja Bilabundarin  
andel prajuritira,  
Sang Prabu Semakun,  
para ratu ing Kosarsah,  
Lawan malih nateng Kosriyan kang nami,  
Sang Raja Hulubalang.
3. Lawan wonten malih kang nyagahi,  
prajurite jeng rayi paduka,  
ing Minanggar nagarane,  
pun raja Kala Dukun,  
lawan raja ing Simbar Sari,  
Sang Prabu Rudandeya,  
ingkang sami sanggup,  
milane agung ginanjar,  
ingkang para narendra sakawan sami,  
dhateng rayi paduka.

4. Nanging sampun kula pirantosi,  
para ratu kang sekawan pisan,  
raja Semakun andele,  
kula pendhemi kuwuk,  
ing ngajenge korine sami,  
samangsa nglangkahana,  
ing niyate wurung,  
sanadyan inggih sidaa,  
yekti mules atine dumadak gempil,  
sarat saking pandhita.”
5. Joprit Prenet samya den timbali,  
aturipun anggantheng punika,  
tan mantra yen gawe-gawe,  
ratune kang cinubluk,  
raja Hirman ngandika aris,  
”Ya talah nora talah,  
katuju sireku,  
Patih ana budinira,  
Baya iku yayi Semakun kang meri,  
duk inghun neng Kugarman.
6. Saben ngandikan aneng jro puri,  
dhingin inghun lan yayi Gumiwang,  
miwah ta palinggihane,  
kinacek lawan inghun,  
Mangsa ndadak dadi tyas neki,  
anom kalawan tuwa,  
iku nyananingsun,  
yen mangkono nora kena,  
yayi Prabu ing Gumiwang den pareki,  
nunungkul amrih pejah.”
7. Utusan kalih Prenet lan Joprit,  
sareng ginanjar lan Raja Hirman,  
kapracaya ing lampaha,  
dilalah kudu kuwur,

nora kena panggawe becik,  
ing Medayin nagara,  
singa dadi ratu,  
nora ambobot prakara,  
wong adol ces nggugu ature wong siji,  
tan wruh aturan nalar.

8. Nora anglirik ing kanan keru  
nora weruh kang sayekti nora,  
kang dora agawe-gawe,  
teka den anggep tuhu,  
Patih Bestak ratuning drengki,  
anak bisa micara,  
kang jamak sinawung,  
manawa tiruweng bapa,  
nora wurung niwasaken barang kardi,  
teka tan nganggo sawang.

9. Sedih malih punggawa Medayin,  
kang asepuh-sepuh kang wus myarsa,  
tan wurung kapindhon kiye,  
dene sang nata iku,  
Raja Hirman katoring-toring,  
tut wuri ingkang rama,  
durung nemu luhur,  
durung nemu kaslametan,  
dene ndhahar ature Bestak rumiyin,  
anggun agawe rusak.

10. Wus mangkana ature ki Patih,  
”Abdi paduka kalih punika,  
ingih miarsa kenthele,  
raka paduka nglurug,  
lamun jawah mantun sakedhik,  
amukul Kala Kodrat,  
nanging kang wadya gung,  
Kuparman ngenes miarsa,

dene kabar mengsahe ambadhog janmi,  
balane Raja Salsal.

11. Mila sedhih wadya sanagari,  
Wong Kuparman sami awuyungan,  
anges kabatinane,  
lamine dereng nemu,  
mungsu ingkang amongsan janmi,  
Gusti watawis amba,  
inggih pungkasi pun,  
raka paduka Kuparman,  
kadya keni panagihan anglanangi,  
mangke apes manawa.
12. Dene mengsahipun anglangkungi,  
lan akanthi narendra ing Rokam,  
sira Sang Prabu Gulangge,  
yutan prajuritipun,  
ingkang nitih macan sakethi,  
prajurit ing Kuparman,  
pan saleksa amung,  
kang saged anitih macan,  
amung balanipun Rajeng Burudangin,  
raja Wiswel punika.
13. Mung saleksa nitih macan sami,  
inggih gusti kaot gangsal leksa,  
lawan balane Gulangge,  
lan dedegipun satus,  
pitung puluh egas sang aji,  
dedege raja Salsal,  
pan satus sapuluh,  
sami lawan raja Selan,  
ratu kalih punika wudhu ing bumi,  
Gulangge lawan Salsal.
14. Patih Kala Kodrat anguwisi,  
Patih Kalkal tate mbanda raja,

mbedhah praja gedhe-gedhe,  
lamun kabotan mungsuh,  
prajurite Rokam mbantoni,  
Gulangge para putra,  
lawan para mantu,  
sami prawira ngayuda,  
mila datanpa lawan moncol ing bumi,  
Gulangge lawan Salsal.

15. Patih Ngrokam prawira sinekti,  
nama Kyana Patih Baku Baham,  
angreh ratu gedhe-gedhe.  
Raja Salsal pukulun,  
sabalane ambadhog janmi,  
mila inggih wikana,  
yen kongsia nempuh,  
raka paduka Kuparman,  
abdi tuwan pun Joprit pan sampun lami,  
ngumbara aneng Rokam.”
16. Prenet Joprit sigrat awot sari,  
”Dhuh pukulun swargi rama tuwan,  
kirang patitis pambile,  
yen antuka pukulun,  
kadi ratu kalih puniki,  
mongsa inggih kanggea,  
saejam prangipun,  
sirna prajurit Kuparman,  
kadi tanpa anggawer yen winitawis,  
ing sapisan punika.”
17. Angandika Sang Prabu Medayin,  
”Heh Baktiyar hiya kaya paran,  
ing pratingkah ingsun kiye,  
witning liwat kapencut,  
amiarsa tuturireki,  
Gulangge ngreh nagara,

ratu kalih ewu,  
awit saking kalah aprang,  
tur akanthi raja Salsal nunggal budi,  
nora sembah-sinembah.

18. Lamun pawong mitra awak mami,  
hiya kaya mengkono kewala,  
kaya Salsal lan Gulangge,  
mring ki raka Wong Agung,  
pesthi nembah kadya cicindhil,  
nanging hiya sapira,  
dening kadang sepuh,  
sanadyan aja ipea,  
iku uwis putrangkat sepuh kinardi,  
ing nJeng rama narendra.”
19. Patih Baktiyar matur wotsari,  
”Inggihi leres ing karsa punika,  
langkung sanget kuciwane,  
anglebur anak putu,  
aweh apes ing turun benjing,  
mongsa wurunga nembah,  
dhateng turunipun,  
raka paduka Kuparman,  
sanget nistha nembah turun wit wong cilik,  
kalangkung boten asab.”
20. ”Heh Baktiyar apa kang kinardi,  
eling-eling banget wirangingwang,  
lan wedi kebatinane,  
manawi niyatingsun,  
Si Semakun sun kon njanjeni,  
duwea sedya ala,  
mring sariraningsun,  
ana ngarsane kakangmas,  
ing Kuparman.” Baktiyar matur wotsari,  
sarwi nampel wentisnya.



21. "Yen makoten paduka puniki,  
winastan dede putra Nusirwan,  
kalawan dede putune,  
Prabu Kobatsah Agung,  
dede buyutipun sayekti,  
Sang Aprabu Sarehas,  
prakosa dibya nung,  
sagung para raja-raja,  
sami nembah lawan nateng ing Medayin,  
dereng nate anembah.
22. Dadya tuwan puniki awiwit,  
apes cures tiwas ing tumitah,  
ongkrak-angkrik tanpa gawe,  
jeminul kadi kenul,  
nadyan jagul wani anyuwil,  
punapa asil gesang,  
tan nedya mrih luhung,  
destun delap aneng donya."  
Raja Hirman miarsa brit jajeng rahi,  
"Lah paran ta Baktiyar?"
23. Patih Baktiyar matur wotsari,  
"Sampun watir aling-aling tuwan,  
ing wawados kareksane,  
amba kesah rumuhun,  
mring Kuparman nyengyengkal gusti,  
inggih akarya pura,  
mangun dalem agung,  
yen sampun kawula nyengkal,  
rayi tuwan inggih Ngawu-awu Langit,  
tuwan ken njenengana.
24. Ratu sekawan kang nambut kardi,  
kang akarya dalem ing Kuparman,  
nunten pun Joprit kinengken,  
ngrerepa minta tulung,

tulusipun sang prabu kalih,  
asiha kawlas arsa,  
kang arsa linampus,  
nagari tuwan ing Makwah,  
ingkang kiwa tampingan tebih pribadi,  
Punika den ambaha.

25. Ing dutane Gulangge sang aji,  
tuwin dutane sang Raja Salsal,  
nunten paduka mit mangke,  
lamun arsa angrebut,  
ing Makuwah kancikan baris,  
prajurit saking Rokam,  
yen sampun tinemu,  
lan kang nggecak ing Makuwah,  
kula nunten atur srat atur udani,  
mring raka Danasmara.

## **XVII. PRABU GULANGGE LAN PRABU SALSAL NGLURUGI WONG AGUNG**

### **Asmaradana**

1. Yen paduka sor ing jurit,  
katawan ing bala Ngrokam,  
sayekti gugup manahe,  
raka paduka Kuperman,  
nadyan boten tindaka,  
sayekti nunten anuduh,  
para ratu magut ing prang,
2. Puniku katandha benjing,  
yudane bala Kuperman,  
kalawan bala Gulangge,  
Tinut ature Baktiyar,  
saksana karya surat,  
dadi sagung kang rinembug,  
Baktiyar angutus sigra.
3. Ki Prenet kalawan Joprit,  
ngaken dutane sang Nata,  
Baktiyar sareng angkate,  
marang nagara Kuperman,  
ing marga tan winarna,  
ing Kuperman praptanipun,  
katur ing Sang Kakungingrat.
4. Lamun ingutus kang rayi,  
nyengkal badhe padaleman,  
inggi anuwun prenahe,  
Wong Agung suka kalintang,  
kang rayi sungkemira,  
angrasa tuwa katempuh,  
kasok marebel kang waspa.
5. Patih Baktiyar ningali,

sigra anguwik barambang,  
silib saking kandbutane,  
ingucek netra kalihnya,  
ndarodos metu waspa,  
api matur senggruk-senggruk,  
”Pukulun jeng rayi tuwan.

6. ”Langkung tan eca ing galih,  
tebiha lawan paduka.”  
Wong Agung ngandika alon,  
”Baktiyar yen gustinira,  
tulus tyase mangkana,  
ingsun iki suka nganggur,  
bagawan ing yayi Nata.
7. ”Wus bungah ingsun ningali,  
miwah lamun umadega,  
nerendra Kuparman kene,  
ratu agung binathara,  
mendah sukaning driya!”  
Baktiyar matur wotsantun  
”Dereng dhateng sapunika.
8. ”Ngraos cupetipun nenggih,  
mila kedah satmateng tyas,  
ing sarinten sadalune,  
inggi antuka tumingal,  
pratikel kang utama.”  
sigra pinernahken sampun,  
kilen kedhaton prayoga.
9. Adipati Guritwesi,  
padalemane kang wetan,  
sang Prabu Hirman badhene,  
sakilen kedhatonira,  
sigra sampun cinengkal,  
mring Patih Bahtiyar wau,  
wong Medayin nambut karya.

10. Saléksa ing saben ari,  
lan para ratu sekawan,  
ing kang badhe tetindhihe,  
njenengi wong nambut karya,  
raja Hurmus punika,  
jro kadhaton pan misuwur,  
praptane Patih Baktiyar.
11. Anyengkal badhe pureki,  
kadhatone Prabu Hirman,  
Prameswari pamirsane,  
langkung tyas marwata-suta,  
Kuneng Patih Baktiyar,  
linilan ing pamitipun,  
ganyang kang njenengi karya.
12. Raja Hurmus badhe prapti,  
wau lampah Baktiyar,  
tan kawarna ing lampah,  
prapta Medayin nagara,  
katur sasolahira,  
lamun kang raka Wong Agung,  
kalangkung sukaning driya.
13. Wau kang alampah silib,  
Joprit Prenet sampun prapta,  
ing Kala Kodrat praptane,  
katur ing Sang Prabu Salsal,  
kang serat katupiksa,  
lajeng sinusulken gupuh,  
ing lampah Patih Kalkal.
14. Putrane ing kang tinuding,  
kang anama Raden Taltal,  
Kya Patih Kalkal praptane,  
ing Rokam katur kang surat,  
marang Gulangge raja,  
nuju siniweng wadya gung,

aglar ingkang para raja.

15. Lagya wus maos kang tulis,  
kasaru wau kang prapta,  
Raden Taltal panusule,  
ngandikan prapteng ngayunan,  
serate wus tinampan,  
sami saking ing Medayun,  
pemuk marang yayi Salsal.
16. Ngandika Sri Narapati,  
"Heh sagunging para nata,  
miwah punggawa sakehe,  
bupati lan hulubalang,  
iki ta wruhanira,  
layang kang saking Medayun,  
tembange amelas arsa.
17. Kuthane arsa ginitik,  
marang Wong Agung Kuparman,  
wus kikirab prajurite,  
tuhu nglanangi ing jagad,  
Wong Agung ing Kuparman,  
bebala rong leksa ratu,  
sewu ratune wadana.
18. Punggawane pitung kethi,  
mantri prajurit rong yuta,  
rong kethi hulubalange,  
telung kethi pra dipatya,  
ingkang jaga tampingan,  
angsale Wong Agung iku,  
sayekti putrane angkat.
19. Marang Prabu Nyakrawati,  
ing Medayin binathara,  
Wong Agung iku mulane,  
anake wong dhukuh Mekah,

puser Bumi sangkanya,  
saiki jagad kinelun,  
pinrih ngidhepa Kuparman.

20. Balane kadi jaladri,  
tanpa tandhing soring wiyat,  
nanging ta durung marene,  
Kalana Surayengjagad,  
papakuning buwana,  
tanpa wilis para ratu,  
kang ngidhep marang Kuparman.
21. Wong Agung Surayengbumi,  
rijale jagad wiryawan,  
ya Ibrahim agamane,  
ingkang winangun den elar,  
kusnen panata dinan,  
amir mukminin satuhu,  
mongka samsuning buwana.
22. Mangkya keles mėmis-mėmis,  
trahe kang ngambil putrangkat,  
Raja Hirman bisikane,  
iku nggon ratu bituwah,  
marmane minta sraya,  
anjug anjaluk tulung,  
maring sun mring yayi Salsal.
23. Den padha angati-ati,  
sakehe prajuritingwang,  
mungsuh iki luwih abot,  
tan kena jinadha-jadha,  
mungsuh lan raja Arab,  
wonten mantune pembayun,  
dene Sang Gulange raja.
24. Nagrane Ngambar Kawit,  
Sang Raja Hunuk Marjaban,

wutah ati ber kuwanen,  
akathah prajuritira,  
raja Ngambar Kamulan,  
sagah ngarsane Sang Prabu,  
”Pukulun Sri Maha raja.

25. Kawula sagah ngampuni,  
supados wandea prapta,  
amba geceke kuthane,  
inggi langkung saking lancang,  
purun mengsah paduka,  
sayektine selak kontung,  
yen maksih Hunuk Marjaban.”
26. Mesem pan ewa ing batin,  
wau kang sami miarsa,  
Hunuk Marjaban ature,  
sakathahe kang tumingal,  
ewa pan garundelan,  
kumethak tan wruh ing udur,  
nyumbang prajurit Arab
27. Anuwun kang tedah margi,  
Prabu Gulangge ngandika,  
”Angirasa iku bae,  
carakane Raja Hirman,  
yen tuhu wani sira,  
ana nagara kang milu,  
Medayin anama Makwah.
28. Iku ancikana dhingin,  
prihen galak wong Kupaerman,  
mongsa kenaa den corok,  
jajahane mesthi enggal.  
nekani maring sira.”  
”Inggi amba bidhal esuk.”  
ature Hunun Marjaban.



29. Ngandika Sri Narapati,  
"Patih Kalkal umatura,  
sira maring yayi katong,  
miwah sira kulup Taltal,  
matura ramanira  
yen ing kene besuk-esuk,  
budhal si Hunuk Marjaban.
30. Caraka Medayin Joprit,  
kang angirid tuduh marga."  
Wau genti winiraos,  
lamine aneng ing marga,  
kya Patih Kalkal prapta,  
miwah Taltal raja sunu,  
ing nagari Kala Kodrat.
31. Katur sasolah tinuding,  
lamun Sang Prabu ing Rokam,  
ngirabaken prajurite,  
mantune ingkang prakosa,  
kang mbanjel magut ing prang,  
kaduk umbag mring mra-sepuh.  
Sang Prabu Hunuk Marjaban.
32. Duk miarsa turing patih,  
sang prabu ing Kala Kodrat,  
anuduh marang kadange,  
asiyaga ing ayuda,  
sira Sang Raja Balbal,  
kuthanira ing Srumayu,  
prawira Sang Raja Balbal.
33. mBekta bala kawan kethi,  
prawirane raja Balbal,  
sami doyan iwak uwong,  
lamun andulu wong liya,  
kumecer kudu mangsa,  
gagaman sampun akembul,

Balbal lan Hunuk Marjaban.

34. Prabu anom Ngambar Kawit,  
prajurite patang leksa,  
ingkang nitih macan kabeh,  
kang nitih bantheng saleksa,  
nitih gajah saleksa,  
saleksa kang nitih senuk,  
pangarsa kang nitih macan.
35. Leres lampahireng margi,  
bala saking Kala Kodrat,  
samarga-marga amet wong,  
binekasem kang den kalak,  
kinarya sangu sira,  
ing marga datan winuwus,  
prapta jajahan ing Makwah.
36. Geger kang kancikan baris,  
rusuh wong ing Kala Kodrat,  
sami ambekasem uwong,  
yen dalu petengan mangsa,  
wong cinekel tan polah,  
Senapati raja Hunuk,  
Marjaban prapta ing praja.
37. Nagari ing Makwah nenggih,  
tampingane doh akiwa,  
titiga ing karatone,  
kang siji bongga binonda,  
kang kalih selak wikan,  
mring Prenet Joprit puniku,  
dutane Patih Baktiyar.
38. Dadya aris amanggihi,  
angrukti ingkang sugata,  
kinen apacak barise,  
Joprit wus kinen lajua

mring Medayin nagara,  
Sek Prenet punika kanton,  
nenggani Hunuk Marjaban.

39. Wuwusen nagri Medayin,  
sampun lami lampahira,  
njenengi kang nambut gawe,  
marang nagari Kuparman,  
ing wuri pradandanan,  
ki Baktiyar akalipun,  
wau duta nduduk prapta.

**XVIII. PRABU HIRMAN SAKUTHU KALIYAN PRABU  
GULANGGE LAN PRABU SALSAL,  
BADHE MENGSAH WONG AGUNG**

**Megatruh**

1. Ingkang saking anilib kala ingutus,  
mring Kala Kodrat nagari,  
Joprit panggih lurahipun,  
Baktiyar Rekyana Patih,  
lajeng binekteng kedhaton.
2. Sampun prapta ngarsanira Sang Aprabu,  
tinanggap aturireki,  
yen prapta prajurit agung,  
pangirid Rokam nagari,  
nenggih mantune Sang Katong.
3. Raja Hunuk Marjaban jejulukipun,  
nerendra ing Ngambar Kawit,  
gagah prakosa dibya nung,  
mbekta rong yuta prajurit,  
patang leksa kang nitih mong.
4. Dening bala Kala Kodrat tindhihipun,  
kadange Sri Narapati,  
raja Balbal prawira gung,  
prajurite pitung kethi,  
sadaya sok mbakasem wong.
5. Raja Salsal Raja Gulangge pukulun,  
langkung sami welas asih,  
miarsa lamun Sang Prabu,  
biyen-biyen wong Medayin,  
gelema nyambat maring ngong.
6. Wus pungkasan curese wong Arab iku,  
lawas denya nglelanangi,

jer durung mungsuh lan ingsun,  
pajer ratu tanpa sekti,  
tinandhing Jayeng Palugon.”

7. Duk miarsa sanget kaget denya ngungun,  
ngandika rajeng Medayin,  
”Baktiyar tan ndipe ingsun,  
pangawe iki binatin,  
marang Sang Aprabu karo.
8. Linabuhan ingsun iki lara lampus.”  
Patih Baktiyar wotsari,  
”ngGih-inggihane pukulun,  
jer sagung ratu kang luwih,  
mongsa puruna rinengkoh.
9. Dipun-eken ambucal sarengatipun,  
sayekti malahur mati,  
den paluhur dadi bubuk,  
yen makoten sribupati,  
tuwan siyaga ponang wong.”
10. Hirman mojar: ”Hiya patih den misuwur,  
yen ingsun amagut jurit,  
yen wus prapta Makwah ingsun,  
sira ngaturana tulis,  
mring kakang Jayeng Palugon.
11. Lamun ingsun magut prang karo han mungsuh,  
kaselut anungkul lair,  
yen nora nuli rinebut,  
ing kakang Surayengbumi,  
dadya sun pasthi kaboyong.
12. Ilang saking nama angenaki kalbu.”  
Sigra undhang dandan sami,  
kaprajuritan wadya gung,  
samekta wus amiranti,

Sang Rajeng Medayin bodhol.

13. Raden Wahas atmajane Betaljemur,  
binekta maring Sang Aji,  
kang rama kari atunggu,  
kadhaton nora tinari,  
mesem ewa dinira non.
14. mBekta bala tigang yuta Sang Aprabu,  
Sayuta Rekyana Patih,  
gagancangan lampahipun,  
datan kawarna ing margi,  
prapta ing Makwah Sang Katong.
15. Kyana Patih Baktiyar ingkang rumuhun,  
mbekta suguh lan pisalin,  
kamulyan ki Patih sampun,  
panggihi lan narpati kalih,  
Baktiyar manahe giro.
16. Tan antara Prabu Hirman praptanipun,  
panggihi lan narpati kalih,  
langkung sukane andulu,  
prajurit kang lagi prapti,  
pantes tan kalah padha wong.
17. Binojana lihurken anggepipun,  
langkung saking sukaneki,  
akathah mijil kang wuwus,  
suka tyas Prabu Medayin,  
mulat ring sang prabu karo.
18. Wus mangkana gantia ingkang winuwus,  
Kya Patih angutus aglis,  
semang-semang sandinipun,  
caraka bupati kalih,  
angemban serat kang kinon.
19. Prapteng nagri Kugarman serate katur,

marang Sang Surayengbumi,  
Duk miarsa tembungipun,  
kagyat sakala nimbali,  
wong agung katri manjing jro.

20. Ngenggalaken marang Sang Prabu Semakun,  
adipati Guritwesi,  
wong agung Parangteja wus,  
katiga prapteng jro puri,  
sinungan warta pakewoh.
21. Inguncalan serat saking ing Medayun,  
riwusnya miarsa sami,  
dheleg wong agung tetelu,  
Wong Agung Surayengbumi,  
mesem angandika alon.
22. "Heh yayi mas Parangteja paran iku?"  
umatur saha wotsari,  
sarwi mesem aturipun,  
ngling Dipati Guritwesi,  
"mBok umatur ceplos-ceplos!"
23. Teka pijer mesem-mesem sira iku."  
Lumembak denira angling,  
"Ing ngriku yayi Semakun,  
pinikir rahosing galih!"  
Prabu Semakun lingnya lon.
24. "Yen kakangmas Parangteja tuwan nantun,  
ing pikir kula kang yekti,  
yen kangmas ngajani matur,  
kula matur ingkang pasthi,  
gothak-gathuk gecas-gecos!"
25. "Inggih angger aran ta sami tinantun,  
sampun ngangge wigih-wigih,  
tegese yayi Semakun,

- ingkang tunggil darah sami,  
pantes wruh becik lan awon.
26. Selulupa samodra wruh jebulipun,  
pantes dika kang ngarani,”  
Mesem Sang Prabu Semakun,  
”Kakangmas serat puniki,  
saunine sami goroh!
27. Mung akale si Baktiyar layang iku,  
nora ana malih-malih,  
dene praptane kang mungsuh,  
tan nedya prapta pribadi,  
si Baktiyar kang anggendhong.”
28. Alon angandika wau ta Wong Agung,  
wong Parangteja wotsari,  
”Datan wonten malhipun,  
ature ri paduka ji,  
Prabu Semakun sayektos.
29. Dene rayi paduka satunggalipun,  
tinungkulaken ing pikir,  
punika Sang Prabu Hurmus,  
mila tinuduh mariki,  
sampun adamel pakewoh.
30. Amrih tutug pun Baktiyar aturipun,  
wontena bilih tinari,  
sayekti yen boten rembug,  
pun Baktiyar akal neki,  
thukul malih setan raton.”
31. Tinimbangan mring pura Sang Prabu Hurmus,  
datan adangu wus prapti,  
inguncalan serat sampun,  
winaca nulya binanting,  
Raja Hurmus asru mbekoh.



32. "Lah punika kakangmas Umar Mayeku,  
kakangmas ing Ngalabani,  
si Patih pratikelipun,  
Baktiyar punika wiwit,  
angridhu gawe pakewoh.
33. Kula kakang punika kang den balilu,  
tinungkulaken mariki,  
sampun makewuhi laku,  
Karuwan temen si Baring,  
Baktiyar anak segawon.
34. Padha dene ratune kena tinuntun,  
marang panggawe tan yukti,  
teka nora duwe usul,  
wurukan arep nuruni,  
nadyan bapa jer wus katog.
35. Kula kakang seksi kalih-kalihipun,  
mukir dhateng kakang aji,  
tumulut ing yayi Semakun,  
sumungkem kakangmas ngriki,  
Wong Agung Jayeng Palugon.
36. Ajur-mumur remak-rempu awakingsun,  
anut ing reh kang sayekti,  
boten purun pejah bingung!"  
Gumujeng ingkang miarsi,  
Raja Hurmus angling alon.
37. "Yen sembada pun kakang Umar Mayeku,  
den ndikakna anututi,  
magut ingkang mungsuh rawuh,  
sisinau magut jurit."  
Ngandika Jayeng Palugon.
38. "Hiya yayi pira ratu ing Medayun,  
kang kawengku ing sireki,

ameta saduman iku,  
kang rong duman dimen maksih,  
pepegana yayi katong.”

39. Matur nembah kang rayi sang Raja Hurmus,  
”Sandika amba tetepi,  
singa ingkang dipun tuduh,  
ing aprang kula umiring.”  
Ngandika Jayeng Palugon,
40. Mring pawongan: ”Warahen patayar tungguk,  
animbali yayi aji,  
ing Burudangin lumebu!”  
parekan tur sembah mijil,  
sapraptanira pasadon.
41. Dhinawuhan lurah patayar lumayu,  
animbali sri bupati,  
Tasangsul Ngalam lumebu,  
age-age sampun kerid,  
mring cethi manjing kadhaton,
42. Sapraptane ing ngarsanira Wong Agung,  
lenggah ing wurinireki,  
Wong agung Parangtejeku,  
nembah rajeng Burudangin,  
Wong Agung ngandika alon,
43. ”Yayi Prabu sira saosa prang pupuh,  
ana mungsuh ingkang prapti,  
ngancik jajahan Medayun,  
rong ratu nggenira baris,  
neng Makwah tata pakuwon.”
44. Nembah matur: ”Sandika inggih pukulun,  
kawula sampun miarsi,  
praptane mengsah puniku,  
prajurite kang den adi,  
patang leksa anitih mong.”
45. ”Lan kanthia sira yayi Prabu Hurmus,

Nanging sira senapati.”  
Rajeng Burudangin matur,  
”Luwung rayi tuwan singgih,  
kawula mong amrih sinom.

## **XIX. PRABU HURMUS KADADOSAKEN SENAPATINIPUN WONG AGUNG**

### **Sinom**

1. Gusti mila sapunika,  
yen amba anyenapati,  
temah awis medal ing prang,  
karana mengsah kang prapti,  
paguronira saking,  
Gaji Mondalika Huktur,  
wignya prang nitih macan,  
konca prajurit ing ngriki,  
yekti kaged sakala anulya eram.
2. Mila pangeja kawula,  
yen antuk barkating gusti,  
kula krep umagut ing prang,  
supaya sami udani,  
tangepe mengsah gusti,  
wanuh waspada ing laku,  
boten agawe nistha,  
yen sampun sami udani,  
pangraose anggagawok anggegila.
3. Mila inggih rayi tuwan,  
kang madega senapati,  
kula mong manggalaning prang.”  
Mesem ngandika Jeng Amir,  
”Lah sira senapati,  
Hiya yayi Prabu Hurmus,  
anging awisekena,  
kakangira Burudangin.”  
matur nembah sang raja Hurmus sandika.
4. ”Yayi mas ing Parangteja,  
putranira Parangakik,  
lan sutanira ing Kelan,

sri naranata Kubarsi,  
melua magut jurit,  
kalawan sawadyanipun,  
rajeng Kulub Kalkiyah,  
Kalbujer lawan Dukyadis,  
sabalane melua umagut ing prang!"

5. Putus sagung kang rinembag,  
sadaya pan sampun mijil;  
siyaga kapraboning prang,  
amung Sang Aprabu kalih,  
Hurmus Semakun sami,  
lajeng sowan marang ibu,  
nuju Retna Sudara  
ingutus atur upeksi,  
ingkang raka Wong Agung Surayengjagad.
6. Sami sareng aturira,  
rumiyin Sudarawreti,  
tur sembah "Boten kadosa,  
ibu lelakon puniki,  
saweg sakeca kedhik,  
ing tyas paduka pukulun,  
nunten wonten buntelan,  
lurugan ing benjing-enjing,  
yayi Hurmus punika ingkang tinedah.
7. Lah mara yayi matura!"  
Hurmus umatur wotsari,  
marang ing Retna Sudara,  
nuli matur ibuneki,  
"Kulebu ndhandhang kardi,  
mantun kareh ing Medayun,  
nunggil yayi Gumiwang,  
sempal saking ing Medayin,  
angugema kula Kuparman kewala.
8. Boten purun anembaha,

mring ratune wong Medayin,  
nadyan inggih kadang tuwa,  
yen ugi tan wruh ing becik,  
apa gawe ngabekti,  
anglongga getihe kolu,  
wong nora timbang janma  
Wong Agung Surayengbumi,  
lan ibune tuwin kadange sadaya.

9. Den palahur si Baktiyar;  
saujare den tut wuri.  
Ibu mangke putra tuwan,  
kesah saking ing Medayin;  
kesah tilar nagari,  
minta sraya ratu agung;  
prapta mengsah ing Makwah,  
Baktiyar ingkang nyuruhi,  
kang pinethuk kerig Medayin nagara.”
10. Prameswari duk miarsa,  
njetung dangu tan kena ngling,  
sakethi pangungunira,  
”Heh Nini Sudarawreti,  
kaya paran sun iki,  
baya karsane Hyang Agung,  
kena rencaka cipta,  
dhingin marga saking laki,  
mangkya rudah atmaja kang karya cipta.
11. Nini namung arinira,  
sun titip marang sireki,  
puluh-puluh jer mung sira,  
nini kena den gondheli,  
ki Prabu Parangakik,  
kudu akeh begjanipun,  
bebala para paman,  
tur padha cangkok nagari,

yekti kuwat tinaha ratu amonca.

12. Wus dilalah karsaning Hyang,  
arinira ing Medayin,  
arinira nuduh karya,  
sajatine den apusi.”  
Matur Sudarawreti,  
”Lah punika yayi prabu,  
karsane ingkang raka,  
cinacak amangun jurit,  
dimen dhenger kinanthen ratu prakosa.
13. Sang Prabu Tasangsul Ngalam,  
asugih bala para ji,  
tur sami ratu prawira,  
Sang Prabu ing Burudangin,  
mandra guna ngajurit,  
kinen ngemong yayi Hurmus,  
wus sasat sandhing lawan,  
yayi Parangteja sami,  
prawirane Sang Prabu Tasangsul Ngalam.”
14. Raja Hurmus matur nembah,  
ing Dewi Sudarawreti,  
”Kangbok wau kang parentah,  
anak Prabu Parangakik,  
pinundhutan prajurit,  
tinuduh sang raja Kulub,  
Kalbujer lan Kalkiyah,  
kang nama raja Dukyadis,  
lawan putra paduka anak mas Kelan.
15. Inggih pinijig urunan,  
Maliyat Kustur Kubarsi,  
binektakaken kawula,”  
ngandika Sudarawreti,  
”Saking barukut malih,  
lakunira yayi Prabu,

gegedhug ratu jaba,  
ing Kulub lan ing Kubarsi,  
padha wignya ngempakaken prange kemat.

16. Sangsaya binarukutan,  
sarehning ipe kekasih,  
padha ipe raja Kemar,  
durung mithes lombok siji,  
mesakaken tan sipi,  
durung tinuduh prang pupuh,  
tur ika ngarsa-arsa,  
ing ayahan mangun jurit,  
ajur mumur angajap tinuduh ing prang.
17. Mengko sun suwune ika,  
dimen kinanthekken yayi,  
Poma aten-atenana,  
yen ana ing paran yayi,  
darapon duwe ati,  
aja elom amgalumpruk,  
poma kamulenana,  
para ipe kabeh iki,  
atirua arinira ing Gumiwang.
18. Duk Pangambar Kustup ika,  
ingadegken senapati,  
para ipe kinawruhan,  
sadaya kinulit daging,  
ingajenan kineriing,  
mulane kumukus arum,  
loke saking nagara,  
tan ana kang cacad siji,  
nadyan sikep ngalem ing yayi Gumiwang.”
19. Prabu Semakun Gumiwang,  
matur ing raka ngabekti,  
sarwi gumujeng turira,  
”Inggi paduka kang mangsit,



kula estokken nguni.”  
Prameswari sru gumuyu,  
”Heh Hurmus estokena,  
tuture kangbokmu iki,  
anglabeti kabecikan kaluhuran.

20. Nandhese pitungkasira.”  
Tur sembah ibunireki,  
lan raka Retna Sudara,  
bubaran sampun umijil,  
Sang Putri Parangakik,  
marak ing raka Wong Agung,  
matur: ”Ibu paduka,  
renteng pan namung sakedhik,  
dangu-dangu pinupus wekasan suka.
21. Manawi supe paduka,  
yayi Prabu ing Kuwari,  
mbok inggih tinumutena,  
dimen galihe marintis,”  
Mesem Sang Jayengmurti,  
Kemar tinimbangan rawuh,  
Wong Agung angandika,  
”Yayi Prabu ing Kuwari,  
asaosa milua ing arinira.
22. Si Hurmus pan misih mudha,  
sira jaganana yayi,  
manawa kaduken sura,  
mongsa bodho sira yayi,”  
Wau rajeng Kuwari,  
panembahira kumabruk,  
dhokoh tyas langkung suka,  
”Sandika dhateng ing pati,  
tan kumedhep rumeksa rayi paduka.”
23. Wus mundur saking ngajengan,  
sengkud Prabu ing Kuwari,

sapraptanira ing jaba,  
wuwuh manahe sakedhik,  
lajeng lampahe prapti,  
ing pakuwon raja Hurmus,  
pinethuk paregolan,  
wus tata sami alinggih,  
”Kakang Prabu agupuh lampah paduka?”

24. Nauri Sang raja Kemar,  
”Angger kawula tinuding,  
andherek lampah sampeyan,  
Hurmus pi kaged denya ngling,  
”Kakang punapa inggih,  
nugraha ingkang dhumawuh,  
sanget ngowel kalintang,  
ing badan amba puniki,  
inggih dening binektanan kadang tuwa.
25. Sasat Jeng Raka paduka,  
jeng kakang Surayengbumi,  
angepaka sirah amba,  
wong tuwa kinen udani.”  
Angling rajeng Kuwari,  
”Ajura den kadi bubuk,  
lebur ngarsa paduka,  
ngalingi madyaning jurit,  
jer kang tuwa katempuh gagah mregagah.”
26. Sinungga sinuba-suba,  
dhadharan rajeng Kuwari,  
sangupe metu sadaya,  
dhasar ratu kaduk wani,  
bubar pungkas pinikir,  
datan kawarna ing dalu,  
enjing sampun samekta,  
prajurit ingkang para ji,  
pamit samya ngujung marang ing kadhatyan.
27. Wedale tengara budhal,

gagaman lir pradapati,  
kang mongka cucuking lampah,  
Kalkiyah Raja Dukyadis,  
kalawan ingkang rayi,  
ing Ngusur raja Dukyanus,  
ingkang dadya panenggak,  
Maliyat Kustur Kubarsi,  
patang kethi parjurit mantri prameya.

28. Nulya kang minongka dhadha,  
narpati ing Burudangin,  
Sang raja Tasangsul Ngalam,  
balane kadi jaladri,  
manggalaning ajurit,  
ing wuri Sang Raja Hurmus,  
Senapati ingemban,  
dening Prabu Burudangin,  
ing wurine Sri Hurmus Sang Raja Kemar.

29. Kadya wana puspita bra,  
ginelak lampahing baris,  
nenggih datan winursita,  
ing lamine aneng margi,  
prapta cucuking baris,  
kaidak jajahanipun,  
nagri Makwah busekan,  
arusuh mungsuh kang prapti,  
anjejarah geger dening tinumpesan.

30. Wuwusen Sang Prabu Hirman,  
kang wonten Makwah nagari,  
enjing pra sami seseban,  
amboja krama tetami,  
sinuba anglangkungi,  
ingankas-angkas prangipun,  
Raja Hunuk Marjaban,  
lan Raja Balbal prajurit,  
pan kasaru prapta dasih saking wuntat.

## XX. REMBAG BADHE CAMPUHING PRANG

### Pangkur

1. Ratu Bumi tur uninga,  
”Dhuh pukulun wonten dedamel prapti,  
wingi sonten praptanipun,  
bala kadi hernawa,  
Rajeng Ngusur kang nama Raja Dukyanus,  
ambeboyong anjejarah,  
amateni anumpesi.
2. Saking nagari Kuparman,  
datan keni manggihi anyuguhi,  
lajeng angrampog pukulun,  
prawagal ing pangucap,  
’Heh dubilah weweh aja kudu sugu,  
sira balane wong murtat,  
age anyuguha jurit.
3. Lan Raja Wiswel punika,  
cucukipun Sang Rajeng Burudangin,  
saleksa prajuritipun,  
kang sami nitih macan,  
ratu kalih rong yuta balane langkung,  
kareng-kareng pan sadaya,  
ing wuri pan maksih tebih.
4. Wau enjing wonten prapta,  
saking wetan kang saking kidul wingi,  
kang saking wetan pukulun,  
kakalih para raja,  
ingkang darbe cucuk Sri Maliyat Kustur,  
nama raja Badhobardha,  
lan raja Bagrak Bidarin.

5. Ing wingi telik kang prapta,  
lampahipun dedamel ingkang prapti,  
pitung yuta malah langkung,  
Raja Tasangsul Ngalam,  
kang minangka manggalanireng prang pupuh,  
balane kadi samodra,  
prawira ing Burudangin.
6. Senapati ingkang ngemban,  
Raja Hurmus pranakan ing Medayin,  
tigang yuta balanipun,  
asri kinembang-kembang,  
duk miarsa Patih Baktiyar tumungkul,  
matur ing Hunuk Marjaban,  
”Lah ta margine Sang Aji.
7. Sampuna kaselak prapta,  
nJeng Paduka cures badan puniki!”  
Hunuk Marjaban gumuyu,  
”Baktiyar aja susah,  
padha asrah nyawa praptane puniku,  
pasthi sirna ngastaningwang,  
wong Kupaerman ingkang prapti.”
8. Wau duk imbal wacana,  
ting baleber para mantri kang prapti,  
sami gugup aturipun,  
”Mengsah kang kilen prapta,  
sasanderan turangga sakethi langkung,  
gumredeg angrampit kitha,  
udhune saking turanggi.
9. Sami madung lawang kitha,  
kalih lekha wonten kang nitih hesthi,  
bihal blegdaba lan senuk,  
kang madung lawang kitha,

jinenengan inggih dhateng ratunipun,  
andhangah munggend dipangga,  
raja Kalbujer prajurit.

10. Gugup aken atengara,  
budhal ngilen denyarsa amiyosi,  
samakta prajuritipun,  
raja Hunuk Marjaban,  
Raja Balbal kendhang gonge sami ngungkung,  
praptane saketheng ngarsa,  
binuka sami nggendholi.
11. "Sampun anggegalak rancak,  
mengsah tuwan wuru mentas lumaris,  
ngladosi bramaning agung,  
manawi tan kacagak;  
pened mbenjing-enjingipun gya pinagut,  
tan kena yen ginagampang,  
wong Kuparman yen ajurit.
12. Yen asayah ngamuk duta,  
sinten ingkang kuwawi anadhahi?"  
kendel ingaturan atur,  
Raja Hirman dhogdhogan,  
mirsa ingkang rayi senapatinipun,  
ajrih awirang tumingal,  
salahe polahireki.
13. Ing dalu datan kawarna,  
enjing piyak wong Arab amiranti,  
atata pakuwonipun,  
saking ing kitha ana,  
inggih pitung pamanah ing tebihipun,  
kang wetan kang kidul prapta,  
kilen nggene senapati.
14. Kang wetan tampi parentah,  
kinen ngalor wetan kang den towongi,

kitha ing Makwah wus kempu,  
wetan ginawe towang,  
andaledeg andina-dina kang rawuh,  
kali alit kitha Makwah,  
mungsuhe bengawan banjing,

15. Gumuruh swaraning bala,  
kang angepung dandan pakuwon sami,  
wong kitha miris andulu,  
dene gunge kang mengsah,  
Raja Hunuk Marjaban minggah ing panggung,  
kalawan Sang Raja Balbal,  
neningali mungsuh neki.
16. Tumut ki Patih Baktiyar,  
Raja Hirman lawan ratune Bumi,  
Balbal asru wuwusipun,  
"Hiya anak wong Arab,  
baya durung ngrungu ing pratingkahipun,  
lamun wong Kala Kodrat,  
kumecer andulu janmi.
17. Patihira raja Balbal,  
ing Srumayu minggah bandakan prapti,  
Patih Thalthal minggah sampun,  
Raja Balbal ngandika,  
"Bapa Thalthal anuduha mengko dalu,  
wong patang puluh kewala,  
padha ngambila ngengalih.
18. Ginawe pecel kewala,  
lan kinulub ginudhang kang sepalih,  
gawe lawuh esuk-esuk,  
kang lemu pilihana,  
ingkang jaga bakacem esuk kang kuru,  
lan linemeng kang kumidang."  
Sandika Patih turneki.

19. "Nanging bapa aja kurang,  
aja luwih wolung puluh sawengi,  
yen luwiha saking iku,  
girisira kawruhan,  
temah enggal bodhol wong Kuparman iku,  
tan tutug sira memangan."  
Gumujeng kang amiarsi.
20. Gantya ingkang kawuwusa,  
para ratu pakuwone wus dadi,  
ing dalu sami akumpul,  
gunem pratingkahing prang,  
pepak aneng pakuwone Raja Hurmus,  
senapati kang ingemban,  
aning Prabu Burudangin.
21. Aglar ngiras abojana,  
larih mider sami putra Medayin,  
Polat Sang Prabu Semakun,  
budinira ajembar,  
ragi kau cekak budi Prabu Hurmus,  
katuju ber ingkang emban,  
Sang Prabu ing Burudangin.
22. Alon denira ngandika,  
"Yayi Prabu ing Kulub lan Kubarsi,  
iki wartane kang mungsuh,  
mangke dalu memongsa,  
bapak Dhatuk Berdanis kang ingong utus,  
nelika guneming mengsah,  
mungsuh kang sok mongsa janmi.
23. Kabeh bala Kala Kodrat."  
Rajeng Kulub Kalbujer matur aris,  
"Dene karsa kakang Prabu,  
suwawi ginendhingan,  
tulad darbe kantni kang sampun kawuruk,  
ngajaraken aprang kemat,



sakawan para narpati.

24. Adarbe peputhon waja,  
sadasa genge sacengkir gadhing.  
yen kawula kakang Prabu,  
mung satunggil kewala,  
liya saking puthon mas wekasing Guru,  
nanging ratu balaningwang  
sadaya dipun lilani.
25. Nanging puthon mas tan kena,  
naming kula tan luwih saking siji.”  
Tasangsul Ngalam gumuyu,  
”Yayi luwih prayoga,  
timbalana ratune papat puniku.”  
sigra wau tinimbangan,  
prajurit ing Kulub prapti.
26. Raja Badras Raja Koncrat,  
Raja Kalmen lan Raja Bahubadrin,  
Kalbuje prajuritipun,  
sami ratu amanca,  
”Sinten adhi pangiride papat iku?”  
Raja Kalbuje turira,  
”Kang nggambuh pun Bahubadrin.”

## XXI. CIDRA MANGGIH PAPA

### Gambuh

1. Ngandika Sang Aprabu,  
Tasangsul Ngalam sarwi gumuyu,  
”Den mariki bapak raja Bahubadrin,  
sira pan arsa sun utus,  
lan karsane yayi katong.
2. Inggih ing mangke dalu,  
bapak anulak cidraning mungsuh,  
padha arsa amet mangsa mangke bengi,  
kang separo mungsuh iku,  
kabeh padha doyan uwong.
3. Jaganana ing dalu,  
jabaning baris yen ana rawuh,  
dhinginana wong kudu cidra ing jurit,  
singa-singa kang kadulu,  
padha samberen peputhon.”
4. Narendra papat iku,  
kang padha duwe puthon nyapuluh,  
matur nembah sira Raja Bahubadrin,  
”Sandika yen sampun lampus,  
paran parentah sang katong?”
5. Ngandika malih Prabu,  
”Heh yayi aji Maliyat Kustur,  
saosena kajinemanira sami,  
kang bisa nguncalken senuk,  
wong turu meh dadi layon.
6. Mandine sirepipun,  
agawe turu ing kalih dalu,  
bisa anglumpati kutha saking hesthi,”  
Umatu Maliyat Kustur,  
”Inggih kalih sami katong.”

7. Gya tinimbalan rawuh,  
Raja Badakir Raja Kalkuwur,  
ratu andel balane nateng Kubarsih,  
alon wau denya muwus,  
ing Burudangin sang katong.
8. ”Karone ingsun utus,  
Hiya lan yayi Maliyat Kustur,  
kakang Prabu Kalkuwur kakang Badakir,  
saosa ing mangke dalu,  
mbok ana luhuring lakon.
9. Yen maling mungsuh lampus,  
dening ratu kang papat ing Kulub,  
lah gawanen manjing kitha Makwah sami,  
penthangen wong patang puluh,  
ing panangkilan Sang Katong.
10. Lawan sirepireku,  
Raja Badakir Raja Kalkuwur,  
ya ungkreden karia amung sawengi,  
yen kongsia kalih dalu,  
gawe histhane pra katong.”
11. Sandika aturipun,  
Raja Badakir Raja Kalkuwur,  
bubar sampun dadi kabeh kang pinikir.  
Ya ta warnanen ing dalu,  
miranti jaban pakuwon.
12. Wuwusen malih mungsuh,  
Ki Patih Thalthal pukul sepuluh,  
nggawa mantri patang puluh nora luwih,  
para prajurit Srumayu,  
andeling Balbal sang katong.
13. Tampir gegamanipun,  
tampir babakaning warsa wuru,  
anyiluman wreksa nggoning kemat neki,

singa kang kagepok rubuh,  
alesu teka nggaloso.

14. Punika tingkahipun,  
mangkana Patih Thalthal prapta wus,  
njaban baris apan sampun den pasangi,  
wong sapuluh padha rubuh,  
ngadhep geni marong-marong.
15. Neng kiwa tengenipun,  
sadaya wau prajurit Kulub,  
lan Kubarsi prayoga denya ningali,  
Kya patih Thalthal sru muwus,  
”Dene adhakan ponang wong.
16. Wong bewak baya iku,  
pajer gegeni padha arubung,  
paranana wong papat bae den aglis!”  
lagi mara munyuk-munyuk,  
gapluk sinamber peputhon.
17. Pilingan ana ngirung,  
ana dhadha miwah ing bebathuk,  
wong sekawan sami pejah ting gulinting,  
Patih Thalthal asru muwus,  
”Pagene batur teturon?
18. Kena ing apa iku?  
lah tilikana!” wong papat nusul,  
lagi mara prapta nggone rowang neki,  
sinamber puthon kumepruk,  
satibane wus macothot.
19. Patih Thalthal amuwus,  
”Ika si maning nusul aturu,  
gegemblungan nglakoni parentah iki,  
den padha lan gawenipun,  
dhene pijer ageguyon.”

20. Wong sapuluh ingutus,  
gupuh marani ing baturipun,  
lagi prapta sepuluh sinamber keni,  
ana njelih ana kagum,  
kabeh mati angeloso.
21. Patih nggrahiteng kalbu,  
mung kari rong puluh rowangipun,  
julalatan mongah-mangih nganan-ngering,  
puputhon prapta kumrutug,  
pating kalepruk anempoh.
22. Ki patih wus katempuh,  
ing peputhon Thalthal thel sikutipun,  
ingkang kiwa anjumbul Rekyana Patih,  
Thalthal thel dhedhengkulipun,  
wus niba Patih nggaloso.
23. Bature kabeh lampus,  
sigra amara raja Kalkuwur,  
Bahubadrin Badakir pra samya prapti,  
nggiwar ingkang dereng lampus,  
kabeh cinandhak peputhon.
24. Kumrutug ngalor ngidul,  
kang nedya nggiwar sampun kacakup,  
wolung puluh wus tan ana kari siji,  
Kya Patih wau dinulu,  
kunarpine siji kaot.
25. Kinira yen wong agung,  
miwah busananira pinunjul,  
gegamane bajone kacek pribadi,  
wus sami wruh yen wong agung,  
Patih Thalthal thel pinothol.
26. Amung kantun kang gembung,  
sami ingusung manjing kitha wus,  
apan sami malumpat anyangking jisim,

balane raja Kalkuwur,  
lan bala Badakir katong.

27. Prapta sor siti luhur,  
nggenya amenthang sadayanipun,  
sor taratag sasakane den ugeri,  
amung ki Patih puniku,  
kang kari gembung kemawon.
28. Sirahe pan sinunduk,  
pinanjer jabaning ngalun-alun,  
mawi kitir: "Heh Hirman apa sireki,  
kang duwe pakon srayamu,  
kang padharsa amongsa wong?
29. Pagene laku tambuh,  
apa ta sira nora angrungu,  
yen gegedhug ing prang Raja Burudangin,  
kang ngembani Raja Hurmus,  
senapati ing palugon.
30. Jamak prajurit punjul,  
Hiya prang rame yen wus aunggul,  
sasukane den badhoga rina wengi,  
tan rekasa mungsuh iku,  
durung prang alaku celor.
31. Arsa amet lelawuh,  
sapa kang lila wong duwe batur,  
mesum temen Hirman panggawenireki,  
ratu anom sira iku,  
teka sae mulat ing wong!
32. Baktiyar pepatihmu,  
Sang Ratu Hirman iku sun pundhut,  
harsa ingsun jujuwing ingsun sesuwir,  
lambene Baktiyar iku,  
dosane ngajak maleyot.

33. Lawan atimu iku,  
hiya Sang Ratu Hirman Medayun,  
arep ingsun jupuk arsa sun salini,  
Hiya senapatiningsun,  
akon nyalini tyas kebo!
34. Dene kena tinuntun,  
marang Baktiyar ngajak silulup,  
ing pawuhan mengkono Hirman sireki,  
bungah temen sira iku,  
srayamu kang mbadhog uwong.
35. Manawa wong Medayun,  
kena binadhog padha wong iku,  
wong Kuparman yen misih wong Burudangin,  
tan kena binadhog iku,  
malah kang mbadhog macethot.”
36. Wusnya pamenthangipun,  
Raja Badakir raja Kalkuwur,  
Raja Koncrat Kalmet Badras Bahubadrin,  
sami marak ing sang prabu,  
sadaya marang pakuwon.
37. Katur sasolahipun,  
suka sadaya kang para ratu,  
kuneng dalu yata kawuwusa enjing,  
ingkang ana jro kitheku,  
pamucunge para katong.

## XXII. RAJA HUNUK MARJABAN NGEDALI PRANG.

### Pucung

1. Samya metu marang panangkilanipun,  
enjing ika opyak,  
mila ge dipun wiyosi,  
prapteng jawi mulat kathah pepenthangan.
2. Sami ngungun kang kemit sami dinangu,  
tan ana wruh purwa,  
katon gembunge ki Patih,  
Patih Thalthal dhewe ilang sirahira.
3. Balbal getun estu kang kinengken dalu,  
mantri kang ajaga,  
ngaturken sirahing Patih,  
Patih Thalthal pepatine Raja Balbal.
4. Ingkang sirah kinitiran seratipun,  
katur para nata,  
sami den iling-ilingi,  
kitir muni Sang Prabu Tasangsul Ngalam.
5. Nyekel pandung wolung puluh maling mungsuh,  
punggawa satunggal,  
Patih Thalthal thel ndhasneki,  
ngolok-olok marang sira Ratu Hirman.
6. Kinen seru kang amaca suratipun,  
Balbal satus merang,  
ulate asawang mayit,  
Raja Hirman netyane sawang kunarpa.
7. Raja Hunuk Marjaban alon amuwus,  
"Yayi raja Balbal,  
nora kena den gegampil,  
memungsuhan lawan prajurit Kuparman.



8. Lah punika tingkah benyanyak-benyunyuk,  
anemu wewirang,  
luwih saking wirang isin,  
prajurite ginawe pangewan-ewan.
9. Wolung puluh siji nora antuk kiwul!"  
ratu Makwah mojar,  
sira Sang Raja Kusilkin,  
"Ki Baktiyar puniki kirang weweka.
10. Nora pemut marang Raja Balbal tuhu,  
mengsah wong Kuparman,  
putrestri dadya prajurit,  
Nata Dewi ratuning jin ing Ngajarak.
11. Yen amungsuh ratu cekathak-cekuthuk,  
mangsa anggawera,  
tuwas angakehken kardi,  
anggegawa rusake marang wong kathah."
12. Ratu iku kaliwat ing sedhihipun,  
kabrokan gegaman,  
sira Sang Raja Kusilkin,  
muring-muring dhateng Ki Patih Baktiyar.
13. Raja Hunuk Marjaban ing sedhihipun,  
sagung para nata,  
pangandikanira aris,  
"Aja ana sungkawa yen misih ingwang.
14. Hiya ingsun kang mulihken susahipun,  
besuk yen metu prang,  
sun tumpese aja kari,  
wong Kuparman wiyahen tan tinemenan.
15. Tan kawuwus ing dalu rajeng Medayun,  
nimbali Baktiyar,  
"Baktiyar kaya pa iki,  
niniwasi ya iku sarayanira.

16. Gawe usul malah cuthel nora jebul,  
iku Raja Balbal,  
pijer paringas-paringis,  
durung pira iku atine wus gempal.”
17. Patih matur, ”Paduka kendel rumuhun,  
pun Hunuk Marjaban,  
punika kang luwih sekti,  
kadi tumpes yen apranga wong Kuparman.”
18. ”Aku ngrungu raja Kusilkin weh weruh,  
wonge wingi ilang,  
salawe hiya den ambil,  
talapakan sikil katitik binuwang.
19. Maring mungsuh amemongsa ora enjuh,  
amung padha rowang,  
katon edane si baring,  
gedhen angkuh nora enjuh yen aperang.
20. Tan kawuwus ing dalu wuwusen esuk,  
sigra atengara,  
sira Prabu Burudangin,  
animbangi tengara kang para raja.
21. Raja Hurmus ngirabaken barisipun,  
akapang kalangan,  
munggeng singangsana manik,  
denya lenggah sinandhing Tasangsul Ngalam,
22. Raja Ngusur, sira sang raja Dukyanus,  
lan rajeng Kalkiyah,  
sira sang raja Dukyadis,  
mbanjeng lawan sakathahe para raja.
23. Ya ta wau kang aneng jro kitha metu,  
Sang Hunuk Marjaban,  
sabanira umijil,  
mungging ngarsa tan kondur wong nunggang macan.

### XXIII. PRAJURITIPUN RAJA HUNUK MARJABAN KATHAH INKGANG TIWAS.

#### Durma

1. Andaledeg baris mijil saking kitha,  
prajurit Ngambar Kawit,  
miwah Raja Balbal,  
Baktiyar lawan Hirman,  
tuwin sang raja Kusilkin,  
ratu ing Makwah,  
samyā tepung ing baris.
2. Prabu Hirman lenggah lan Hunuk Marjaban,  
Balbal sarta Kusilkin,  
jajarira lenggah,  
lawan Patih Baktiyar,  
Rajeng Kulub matur aris,  
sarwi anembah,  
mring nateng Burudangin.
3. ”Kakang Prabu semune mengsah punika,  
kang nitih macan sami,  
andeling ayuda,  
leng tuwan undhangana,  
bala paduka kang sami,  
anitih macan,  
buntute sadayeki.
4. Sami dipun jembulana laring banyak,  
sampun kaliru mangkin,  
lawan macan mengsah.”  
Saksana ingundhangan,  
pating baleber angambil,  
elaring banyak,  
wus sami den timbali.
5. Raja Hunuk Marjaban angatag bala,

patang atus prajurit,  
kang anunggang macan,  
aglar sami sesumbar,  
sigra nateng Burudangin,  
angtag bala,  
Wiswel kinen metoni.

6. mBekta patang atus ingkang nitih macan,  
surak gumuruh atri,  
Wiswel angсахira,  
Kalbujer sigra ngtag,  
ratu kang sami ndarbeni,  
peputhon waja,  
Sang Raja Bahubadrin.
7. Raja Badras Kalmen Koncrat sami mangсах,  
amor balanireki,  
Wiswel nitih macan,  
ingkang ratu sakawan,  
gumuruh gurnang thongthonggrit,  
beri wurahan,  
mungсuh rowang mbarengi.
8. Sareng tempuh arame caruk ibekan,  
pareng nggro angajrihi,  
suka kang tumingal,  
uyel keh liru papan,  
ratu sekawan nggetaki,  
peputhon waja,  
sumebut sami mijil.
9. Dadya kawan atus pating kaleprukan,  
sirahe macan sami,  
pecah samya niba,  
kang nunggang galadrahan,  
pating kalepruk babar ji,  
kang jejembulan,  
sadaya den liwati.

10. Ingkang datanpa jembul buntute samya,  
kumrutug nganan ngering,  
wus kathah kang pejah,  
tuwin ingkang tan nunggang,  
bingung mungsuh tan udani,  
sangkaning niba,  
amor lesus mulesi.
11. Raja Wiswel mobat-mabit gadanira,  
kang katenggel mor siti,  
dangu denira prang,  
tumpes ingkang unangsah,  
wong patang atus kang kari,  
anandhang brana,  
pisah macane sami.
12. Raja Wiswel macane kalong nembelas,  
wonge sepuluh mati,  
mungsuh tetumpesan,  
patang atus kang macan,  
lelima amung kang kari,  
lumayu nginthar,  
kang nunggang samya kanin.
13. Wong pepitu kang lumayu kakadhalan,  
pisah macan wus mati,  
dadya mung sawelas,  
wonge kang ora pejah,  
macan mung lima kang urip.  
eram kang mulat,  
sinurak wanti-wanti.
14. Sami sirep wong kapisir ngungun miarsa,  
rakite kang ajurit,  
mungsuh maksih wetah,  
bature tetumpesan,  
gedheg-gedheg aningali.  
Hunuk Marjaban,

solahe ing ngajurit.

15. Tinetegan kasaput mundur kalihnya,  
lajeng bojana sami,  
Sang Hunun Marjaban,  
lawan Sang raja Balbal,  
mundur manjing kitha malih,  
datan bojana,  
ngenes denya sor jurit.
16. Raja Hirman ngandika marang Baktiyar,  
"Sida Baktiyar iki,  
kasore Marjaban."  
Baktiyar matur nembah,  
"Dereng tumandang pribadi,  
Hunuk Marjaban,  
kadi ing benjing-enjing."
17. Ya ta njetung markungkung Sang Raja Hirman,  
ing dalu tan kawarni,  
enjing atengara  
Raja Hunuk Marjaban,  
balane sadaya mijil,  
Balbal lan Hirman,  
Baktiyar lan Kusilkin.
18. Mijil barising wadya sampun atata,  
tepung kapang ngubengi,  
dening para nata,  
miwah senapatinya,  
tan owah kadya duk wingi,  
Sang Raja Kemar,  
lan nateng Burudangin.
19. Ngapit-apit amparan gathuk kalawan,  
Wijohan palowani,  
Hurmus angadhangkrang,  
ingkang saos ing ngarsa,

Raja Kulub lan Kubarsi,  
Ngusur Kalkiyah,  
kang sami caos jurit.

20. Angandika Sang Prabu Tasangsul Ngalam,  
"Kakang Prabu Kuwari,  
kularsa maguta,  
supayane kang mengsah,  
sampun medal kadi wingi,  
mindeng aresah."  
Kalbujer matur aris.
21. "Kula ingkang miyosi sampun paduka,  
mangkya lamun kalindhil,  
tuwan tetulunga,  
kularsa ngicipana,  
jurite wong mbadhog janmi!"  
Mesem ngandika,  
Sang nateng Burudangin.
22. "Inggih yayi Prabu nging dipun prayitna."  
Raja Hurmus sru angling,  
"Kakang den prayitna!"  
sigra nitih dipangga,  
kawot sakaprabon jurit,  
munggeng dipongga,  
prapteng payudan aglis.
23. Sumbar-sumbar gajah mider amendhapan,  
makutha murub asri,  
kasongan ing surya,  
her laut karo belah,  
gebyar-gebyar narawungi,  
"Payo metua!  
Mungsuh sok mbadhog janmi."
24. Atatanya Sang Prabu Hunuk Marjaban,  
"Baktiyar sapa iki?"

alon aturira,  
”Rajeng Kulup punika,  
Kalbujer ratu prajurit,  
isen wijohan,  
ing Prabu Parangakik.

25. Sultan Anom Jayusman Samsu Murijal,  
punika kang ngemongi,  
manggalaning aprang,  
binektakken kang paman,  
Raja Hurmus senapati,  
ratu dandanan,  
mila agung pinijig.”
26. Angandika Sang Raja Hunuk Marjaban,  
”Punika ngajak tandhing,  
apik wong Kuparman,  
suker aprang anggebyah,”  
Raja Balbal esmu runtik,  
”Kula kang mapag,  
yudane ratu iki.”
27. Ngawe titihane macan saturongga,  
geng panjang anglangkungi,  
ngajrihi katingal,  
binarong lar manyura,  
tedhak Balbal sigra nitih,  
surak gumerah,  
mungsurowang mbarengi.
28. Wus apanggih kang aprang ayun-ayunan,  
”Sapa ranmu prajurit?”  
”Ingsun Raja Balbal,  
arine Raja Salsal,  
anaking Daldal narpati,  
nguni jeng rama,  
sinembah ing para ji.”



29. Sru gumujeng Kalbujer: ”Ragane sira,  
bebet wong mbadhog janmi,  
patihmu si Thalthal,  
thel pedhot ndhase gical,  
cungkrah lan badane wingi.”  
Sarwi anggetak,  
sumebut puthon mijil.
30. Eca sapocapan gumapluk sirahnya,  
macane ingkang pinrih,  
tan wruh purwanira,  
pecah sirahing macan,  
puputhon kancana bali,  
tan ana wikan,  
macan anglosod siti.
31. Sru angakak Kalbujer pamuwusira,  
”Pagene sira iki?  
macane karipan,  
tiba ginawe aprang,  
lah iku ngisin-isini!  
turu neng papan,  
mimisen metu getih.”
32. Raja Balbal kajungkelang tibanira,  
tangi pedhang tinarik,  
marepeki harsa,  
medhang sukuning gajah,  
sumebut peputhon mijil,  
Sang raja Balbal,  
gumapluk jaja keni.
33. Pan kalenggak niba ngarsaning dipongga,  
surak gumuruh atri,  
prajurite Balbal,  
kang sami nitih macan,  
santana lan pra dipati,  
rong atus mangsah,

angrebat ambek pati.

34. Duk tumingal Sang Raja Tasangsul Ngalam,  
sigra anitih hesthi,  
mangsah ngawe marang,  
Kulup ratu sakawan,  
Kalmed Badras Bahubadrin,  
Koncrat umangsah,  
dharat sami nggetaki.
35. Peputhone waja kumrutug umangsah,  
Sang Nateng Burudangin,  
pan parentahira,  
marang ratu sakawan,  
"Nadyan sayaha sireki,  
aja nenunggang,  
pakolih dharat becik.
36. Rumeksa ing gustinira!" tur sandika.  
ratu sakawan sami,  
wau pamukira,  
prajurit Balbal samya,  
ting karepluk simaneki,  
kaget kang nunggang,  
mati kang den titihi.
37. Singa mangsah marepeki tan karasa,  
Sang Nateng Burudangin,  
ngadeg neng palana,  
ngulur palu rante mas,  
meta dipangga nireki,  
panyabetira,  
ngiwa nengen ngeneni.
38. Pan sapuluh rong puluh lebur kang sima,  
luluh awor lan siti,  
ajur kang kaharsa,  
miwah peputhon waja,

nggelasah prajurit keni,  
tajem gajahnya,  
Sang Nateng Burudangin.

39. Wus rinucat kang palu rante nggenira,  
munggeng palana malih,  
kang mengsah wus padhang,  
rong atus anggelasah,  
mung tetiga ingkang urip,  
lan macanira,  
lumayu mor ing wuri.

## XXIV. PRABU HUNUK MARJABAN NGEDALAKEN PANGABARAN

### Pangkur

1. Prajurit Raja Balbal,  
kang nggosongi mring ratunira sami,  
mung puniku kang karuhun,  
wong sakawan kang gesang,  
ing kang kantung amung tetiga kang lampus,  
gedheg Sang Hunuk Marjaban,  
"Eram ingsun neningali!
2. Yudane bala Kuparman,  
mungsu kathah pinapag ing wong kedhik,  
kang akedhik iku wutuh,  
kang akeh tetumpesan,  
nguculaken kemat sira Raja Hunuk,  
andaka satu kang prapta,  
amarani mungsu aglis.
3. Sang Raja Tasangsul Ngalam,  
lan Kalbujer tan obah saking hesthi,  
prajurit papat puniku,  
neng ngandhaping dipongga,  
Koncrat Kalmed Badras Bahubadrin sampun,  
kumrutug peputhonira,  
mapag andaka kang prapti.
4. Papathake sami kena,  
anggaloso tan bisa polah malih,  
Wau Sang Maliyat Kustur,  
ngatag prajuritira,  
ing kang bisa nyiluman Raja Kalkuwur,  
Badakir sareng umangsah,  
andaka kang den gadani.
5. Sang Prabu Tasangsul Ngalam,

”Aja padha ana ingkang angusir,  
kang celak lawan nggenipun,  
iku bae sirnakna!”  
Sing acelak bantheng kena goplak-gapluk,  
lajeng anjerum kewala,  
tan ana njenggel sawiji.

6.   Inkang mara-mara pejah,  
          anggelasah andaka satus enting,  
          ngungun kang sami andulu,  
          Mraja Hunuk Marjaban,  
          sasirnane andaka pangabar satus,  
          lan raja Balbal kantaka,  
          asanget datan anglilir.
7.   Harsa tedhak ngawaki prang,  
          katanggelan surya wus nitih wukir,  
          tinetegan unduripun,  
          samya nimbangi bubar,  
          para ratu bala Kuparman wus mundur,  
          sang Prabu Tasangsul Ngalam,  
          lawan Kalbujer ngunduri.
8.   Upama linajengena,  
          sirna mungsuh sadina iki nanging,  
          sayekti nistha kalangkung,  
          tan harsa nglakonana,  
          ing madyane anganti ingsun ing mungsuh,  
          utamane kirim tamba,  
          lamun mungsuh nandhang kanin.
9.   Sang Prabu Tasangsul Ngalam,  
          nganggo madya mungsuh susah den anti,  
          anut sasukaning mungsuh,  
          wijiling rananggana,  
          nora amrih mungsuh sirna tanpa usul,  
          sanadyan mungsuh rusaka,  
          lawan prayoga ing jurit.

10. Mangkana lajeng bojana,  
Rajeng Hurmus lan Prabu Burudangin,  
kumpul sagung para ratu,  
lajeng sami ndrawina,  
Kuneng Hunuk Marjaban saunduripun,  
mring pakuwon Raja Balbal,  
ningali denira kanin.
11. Hirman Baktiyar tut wuntat,  
Raja Hunuk Marjaban prapta linggih,  
Raja Balbal maksih kantu,  
gosong ing jajanira,  
amathuthuk samaja abuh macucu,  
gosong sanget angemu rah,  
Hunuk Marjaban lingnya ris.
12. Heh Kyana Patih Baktiyar,  
gaman apa tatu mangkene iki?  
wong Kuparman adatipun,”  
Matur Patih Baktiyar,  
”Puthon emas sanjatane Rajeng Kulup,  
dene jampine punika,  
uyuh kidang kang nusoni.”
13. Lingira Hunuk Marjaban,  
”Mandah wruha kadange sri bupati,  
Raja Salsal dukanipun,  
ratu geng mandra guna,  
Raja Hirman Sang Prabu Salsal puniku,  
atmajane raja Daldal,  
terahing ratu sinekti.
14. Ing mangke Sang Raja Salsal,  
anuruni kadi kang rama swargi,  
kuwasa ambedhol gunung,  
ambuwang gajah tiba,  
saonjotan dipanggane tiba ajur,

miwah mbedhol gora rupa,  
rinangkep ing kanan kering.

15. Mila datan wonten nongga,  
para ratu wawrate ing ngajurit,  
meh nimbangi kuwatipun,  
mring raka ndika Ngrokam,  
lawan inggih sembada geng luhuripun.”  
Wau ta duk ingusadan,  
Sang Raja Balbal anglilir.
16. Nanging dereng bisa lenggah,  
sami lega tyase narendra kalih,  
mangkana sami amuwus,  
pamit amasanggrahan,  
Raja Balbal harsa dhahar pindhang genjur,  
babayi umur sawarsa,  
Kusilkin kang den pundhuti.
17. Pinaringan satus dinar,  
Rajeng Makwah susah kepati-pati  
lawan kathah wadyanipun,  
kang sami tur uninga,  
saben dalu kathah ical rencangipun,  
den mangsa balane Balbal,  
dadya dalu atur tulis.
18. Ing Prabu Tasangsul Ngalam,  
nuju sami abojana lan para ji,  
surate caraka katur,  
”Kula raja ing Makwah,  
pun Kusilkin pan kabawah ing Medayun,  
mangke kawula kabrokan,  
inggih Sang Rajeng Medayin.
19. Sarayane mongsa janma,  
rencang amba keh ical saben ratri,  
putra Medayin puniku,

ing kang paduka emban,  
punapa ta kenging kawula pukulun,  
ngungsi amanut agama,  
saking sanget tan kuwawi.

20. Saben dalu kathah ical,  
ratunipun asring mundhut bebayi,  
dhaharipun pindhang genjur,  
bayi umur sawarsa.”  
Sami gummyak kang miarsa para ratu,  
Raja Tasangsul ngandika,  
”Tinggalen kuthanira glis!
21. Pasthi lamun kinukuhan,  
mring gustine Sang Raja Hurmus mangkin,  
pan wong cilik kang rinebut,  
Duta age nulaka,  
ana pira inggate wonge ratumu?”  
”Inggi amung gangsal leksha,  
lamun wontena ing jawi.
22. Sayekti punika wewah.”  
inganthukan mring Nateng Burudangin,  
Duta mit anulak wangsul,  
praptanireng jro kitha,  
sira raja Kusilkin wus dandan dangu,  
praptaning utusanira,  
budhal Sang Raja Kusilkin.
23. Medal sagung balanira,  
sarayate sadaya datan kari,  
rerepot kinen rumuhun,  
saking seketheng medal,  
wusnya telas rerepot pawestrinipun,  
budhale surak gumerah,  
wonten pakuwon kapencil.
24. Balanira Raja Balbal,



sapunggawa punika den ampiri,  
ingamukan gempur-gempur,  
tumpesan sapunggawa,  
bala Makwah sakit manah nemu kuwuk,  
sapraptane jawi kitha,  
suka manggih nulya sami.

25. Pakuwonira pinarnah,  
tan atebih lawan gustinireki,  
kinathik ing Raja Hurmus,  
jro kitha awurahan,  
yen ratune tinupiksa Makwah iku,  
lolos lan sabalanira,  
sarayate datan kari.

26. Lungane sami angiras,  
angampiri pondhokan bupati siji,  
ingamuk anemu kuwuk,  
tilar kitir suratnya,  
ora betah den colongi saben dalu,  
wonge kesah mila susah,  
nedya mbek anemu jurit.

27. Sang Raja Hunuk Marjaban,  
langkung emeng bala wus den genteni,  
kang jaga sekethengipun,  
dinum parentahira,  
Prabu Hirman sakori bubuhanipun,  
sakorine Raja Balbal,  
Hunuk Marjaban rong kori.

28. Hirman lan Patih Baktiyar,  
ingandikan mring Raja Hunuk prapti,  
pangandikanira asru,  
lan prajurit pinepak,  
"Heh Sang Prabu Medayin punapa tuhu,  
andika nyuruhi aprang,  
punapa geguyon mangkin,

29. Milane sun iki prapta,  
dene layangira hiya kang prapti,  
katur masang ratuningsun,  
yen sira nuwun bala,  
angancika ing Makwah panuwunipun,  
punapa gawe loropan,  
minggate si ratu bumi.
30. Ala tarung wong Kuparman,  
hayo iki mungsuh ingkang sayekti,  
Hirman apa ta sedyamu,  
payo kene kewala,  
mendhak-mendhak alingan katon sireku!"  
Raja Hirman guragapan,  
ndharodhog saurireki,
31. Sarwi noli mring Baktiyar,  
"Heh Baktiyar paran dadine iki?"  
Hunuk Marjaban sigra wus,  
ngejepi prajuritnya,  
Kyana Patih Baktiyar sampun tinubruk,  
binondan wus cinengkalak,  
dene Sang Raja Medayin.
32. Siniwer pan nora kena,  
nganggo pedhang keprabon laki-laki,  
kadi wong wadon barundhul,  
patihe cinengkalak,  
nora kendel ndremimil sasambatipun,  
Hunuk Marjaban parentah,  
"Papetih lan ratu iki.
33. Aja pisah lawan ingwang,  
yen pisaha sayekti minggat ngalani,  
apa rep sira dol insun?  
mangkono tingkahira,  
minta sraya angloropaken sireku!"  
Raja Hirman paringsisan,  
tan bisa sumaur kingkin.

## XXV. SEH WAHAS MANGGIHI PRABU HUNUK MARJABAN

### Asmaradana

1. Wau kalane miarsi,  
neng pakuwon Raden Wahas,  
lamun Patih lan ratune,  
binilahen kena treka,  
dening Hunuk Marjaban,  
Raden Wahas sigra nusul,  
lan surate ratu Makwah.
2. Kekitir inggate nenggih,  
layange sampun cinandhak,  
bala Srumayu kang oleh,  
prajurite raja Balbal,  
layang jinaluk kena,  
sigra ginawa malebu,  
prapta ing pakuwonira.
3. Hunuk Marjaban kapanggih,  
Baktiyar wus cinengkalak,  
Hirman barundhulan bae,  
Raden Wahas aturira,  
marang Hunuk Marjaban,  
ature kaworan nepsu,  
”Puniki dosa punapa?
4. Lah daweg layang kikitir,  
puniki milane minggat,  
raja Makwah sabalane,  
angkuhe konca andika,  
nora kaprah ing jagad,  
memongsa padha wong batur,  
nora wani marang mengsah.

5. Pijer batur den colongi,  
pira betahan manungsa,  
marang mungsuh nora enjoh!”  
Sang Raja Hunuk Marjaban,  
miarsa langkung merang,  
ngejepi prajuritipun,  
harsa nubruk Raden Wahas.
6. Wong papat meh nyekel wani,  
tangane ciker sadaya,  
sarta tiba ting kalesed,  
ana prapta narik pedhang,  
tibane kajungkelang,  
Rahaden Wahas puniku,  
tegese sampun pandhita.
7. Nora kena den cidrani,  
ing batin melu Wong Menak,  
pan wus nunggil agamane,  
amung laire kewala,  
sabab dene kabawah,  
titik-melik wong Medayun,  
mila tan bisa suminggah.
8. Marjaban sirep kang runtik,  
”Bener ture Raden Wahas,  
Hiya yen kaya mangkono,  
prajuritku warasena,  
kang papa saking sira!”  
Raden Seh Wahas lon muwus,  
”Yen padha aris kewala.
9. Pikira ayuning bumi,  
aran salamet kewala,  
muliha kaya sabene!”  
Sakala pan sami waras,  
angadeg sarwi nembah,  
mring Raden Seh Wahas wau,

Hunuk Marjaban ngandika.

10. "Sira iki wong abecik,  
pan Betaljemur peputra;  
pagene teka mangkono,  
pratingkahe ratunira;  
duk alame Nusirwan,  
hiya anggung nora urus,  
dene ana wonge tuwa!"
11. Raden Wahas anauri,  
"Paran ta sadasa-dasa,  
kedah makaten sedyane,  
ing nguni saking pun paman,  
Bestak panggawe tingkah,  
pun Patih Bestak rumuhun,  
arine ibu kawula.
12. Sami anak Aklas Wajir,  
ibu kawula kang tuwa,  
Baktiyar puniku mangke,  
nak-sanak lawan kawula,  
nanging pikire nasar,  
ngajak apes ratunipun,  
ratune tan darbe manah.
13. Singa kang madeg Medayin,  
sampun begjane nagara,  
kadi bebayi ratune,  
anut tan pikir anasar,  
sabab Patihe nakal,  
setan katon nunggang asu,  
anggung agawe tan harja.
14. Lah punika ingkang rayi,  
kang boten anut ing kadang,  
sami luhur karatone,  
Hurmus Semakun punika,

madeg ratu keringan.”  
Hunuk Marjaban anjetung,  
mudhun jog denira lenggah.

15. Sarwi anyandhak gegitik,  
Baktiyar kang jinempalan,  
andengkeng angulat-ngulet,  
”Iki Patih dajal Laknat,  
nenulari wong liya!”  
ngemu rah saliranipun,  
bengep gosong kang wadana.
16. ”Nanging ta panggawe iki,  
weruha lamun sopakan,  
supayane ratuning ngong,  
gelema kongkon maring wang,  
ing mengko wus kaliwat,  
mongsa mbalenana wuwus,  
ilang sipate narendra.
17. Ajura mesthi nglakoni,  
nanging sira raja Hirman,  
temene panggawe kiye,  
lamun sang ratu ing Madyan,  
Hirman yen geguyona,  
menang sida kalah wurung,  
yen mangkono dudu akal.
18. Lamun pikir kang sayekti,  
menang tanpa kalah sirna,  
mongsa ngetunga anake,  
lamun tan mangkono hiya,  
yekti mungsuh lan ingwang,  
saiki dadi prang pupuh,  
nora mungsuh wong Kupaerman.
19. Jer ratuku wus nyaguhi,  
atetulung marang sira,

mongsa oncata wuwuse,  
asor unggula tinemah,  
yen padha tetemenan,  
dadia ndheg amun-amun,  
mangkono ratu prawira.”

20. Raja Hirman anauri,  
nora nganggo pikir maneh,  
”Inggi kawula tan oncat,  
ing sakarsa paduka  
nadyan katura ing besuk,  
Rajeng Rokam Kala Kodrat.
21. Boten anedya gumingsir.”  
Hirman sampun tinarima,  
akathah ing prasetyane,  
nimbaliunggawanira,  
Raja Balbal sakawan,  
wus prapta ing ngarsanipun,  
Hunuk Marjaban ngandika.
22. ”Aja na kang mongsa janmi,  
undhangana kancanira,  
amongsa padha bature,  
mbok den padha wirang mana,  
prang kalah mongsa rowang,  
yen harsa mongsa wong iku,  
jamak amek batur mengsah.
23. Ngepluk ora idep ngisin,  
kabeh balane si Balbal,  
padha rahi wong tembelek,  
jamak kang wus dadi rowang,  
nora ana dimongsa,  
hiya nora kurang mungsuh,  
den badhoga kongsi mutah!”
24. Punggawa sakawan ajrih,

tumungkul sarwi tur sembah,  
”Mulane Kusilkin minggat,  
saking pratingkahira,  
Apa uwong apa dudu,  
ratunira Raja Balbal?”

25. Sampun pungkas kang pinikir,  
kalilan sang raja Hirman,  
mantuk marang pakuwone,  
Baktiyar wus linuwaran,  
ginotong antukira,  
sarirane sanget rempu  
ingiringken Raden Wahas.
26. Kuneng kang lagya prihatin,  
wuwusen baris ing jaba,  
kikirab ulat prang bae,  
ngubengi kitha kewala,  
para ratu sadaya,  
lawan sagagamenipun,  
saupacara lelampah.
27. Wong kang aneng jro kitheki,  
sami ningali sadaya,  
eram anon gegamane,  
sagung kang para narendra,  
sami munggeng dipongga,  
pangayap keprabonipun,  
pangayap Sang Raja Makwah.
28. Meh surem baskara tistis,  
dening gebyaring busana,  
Hirman Baktiyar amencos,  
mulat kaluhuranira,  
miwah kang kabesaran,  
solahira Prabu Hurmus,  
lan gunge pangayapira.



29. Sasat Sang Surayengbumi,  
solah lakune kang bala,  
miwah ta upacarane,  
lan anggepnya para nata,  
ngungun Sang Raja Hirman,  
Raden Wahas asru muwus,  
”Heh ratu Medayin tuwan.
30. Paran kang tuwan ulati,  
ing ngaurip ngalam donya,  
tan lyan ing kaluhurane,  
puniku rayi paduka,  
boten ngangge kangelan,  
paran dene manggih luhur,  
karatone geng punika.
31. Heh Baktiyar sira iki,  
kangelan kaliwat-liwat,  
atombok rusak balane,  
tur dadi guyoning kathah,  
punapa kang den arah,  
balundhus atombok umur,  
wus sasat pangewan-ewan!”
32. Tumungkul tanpa ningali,  
sira Ki Patih Baktiyar,  
Sang Raja Hirman ndarodos,  
tumungkul arawat waspa,  
merang mulat ing bala,  
nira wau raja Hurmus,  
wibawa myang luhurira.
33. Ginusti-gusti para ji,  
kang para ratu Kuparman,  
balane Jayeng Palugon,  
tan pae pangidhepira,  
lawan Sang Kakungingrat,  
panembahe mring Semakun,

lan maring Hurmus punika.

34. Denya ngubengi kitheki,  
wau sagung para nata,  
sadaya angungak ing jro,  
balane Balbal Marjaban,  
lawan balane Hirman,  
tanpa galih nanging Hunuk,  
Marjaban tyase tan owah.
35. Wau rajeng Ngambar Kawit,  
enjang anembang tengara,  
maksih wutah kuwanene,  
gong berinira wurahan,  
nimbangi atengara,  
Tasangsul Ngalam lan Hurmus,  
miwah sagung para nata.
36. Gumuntur gurnang thongthong-grit,  
medal baris para nata,  
tepung kalangan mirantos,  
wus mijil aneng ing papan,  
senapatining yuda,  
sira Sang narendra Hurmus,  
lan Prabu Tasangsul Ngalam.
37. Mijil nateng Ngambar Kawit,  
barise sampun malatar,  
munggeng ngamparan Sang Katong,  
aglar munggeng ngarsanira,  
miwah wongira Balbal,  
samya ngiring Raja Hunuk,  
Marjaban prajuritira.
38. Sang Nateng ing Burudangin,  
angata prajuritira,  
Raja Bandar Ngalirane,  
narendra ing Madiskaran,

ratu gagah prakosa,  
mangsah nitih dipongga gung,  
respati angundha gada.

39. Surake gumuruh atri,  
prapta gajahe mandhapan,  
susumbar nguwuh mungsuhe,  
”Sapa kang harsa palastra,  
mapaga tandanging wang,  
iki andele Sang Prabu,  
Brudangin Tasangsul Ngalam.
40. Ingsun Raja Bandar Ngali,  
narendra ing Madiskaran,  
ing aprang pilih bobote.”  
Sang Raja Hunuk Marjaban,  
ngatag ratu punggawa,  
nama Sang Raja Buhaktur,  
nagarinira ing Polah.
41. Nitih andaka sang Aji,  
kang paman Hunuk Marjaban,  
ayun-ayunan yudane,  
para ratu ingkang prapta,  
”Ingsun Sang Rajeng Polah,  
bisikan Raja Buhaktur,  
kang paman Hunuk Marjaban.”
42. ”Lah ta payo kene jurit,  
Buhaktur apa neng sira,  
nuli lekasana den age,  
tatane bala Kuperman,  
nora ndhingini aprang.”  
Ngundha gada Sang Bunaktur,  
”Aja angunduri rana!”

## XXVI. RAJA TANDHING SAMI RAJA

### Durma

1. Raja Bandar Ngali saksana ginada,  
tangkis parice wesi,  
gadane tinulak,  
rame surak wurahan,  
sira Prabu Bandar Ngali,  
males anggada,  
jumbret tibeng tangkis.
2. Dadya rame prangira gada-ginada,  
Sang Raja Bandar Ngali,  
numper pamupuhnya,  
tan mawi inganggapan,  
pinendir tinitir-titir,  
wus karepotan,  
kether denira tangkis,
3. Kapalesat parisane tiba kontal,  
andakane kagitik,  
pecah sirahira,  
Buhaktur kajungkelang,  
sanget tibane kebanting.  
Sang Rajeng Polah,  
kantaka den gosongi.
4. Surak umung kadya curneng ngantariksa,  
wonten narendra prapti,  
Sang Raja Pijaljal,  
kuthane ing Busirdan,  
ngundha gada munggeng hesthi,  
ayun-ayunan,  
”Sapa ranmu prajurit?”
5. ”Ingsun ratu Busirdan Raja Pijaljal,  
Lah sapa Sira iki?”

”Ratu Madiskaran,  
Bandar ngali raning wang  
andel nateng Burudangin,  
sen-isening wang  
wijohan palowani.

6. Heh ta raja Pijaljal payo nggadaa!”  
Sigra amuter bindi,  
asru panggadanya,  
sira raja Pilajal,  
katulak rosaning tangkis,  
angangkat gada,  
Sang Raja Bandar Ngali.
7. Dyan pinupuh sira Sang Raja Pijaljal,  
kuwat denira tangkis,  
rosaning panggada,  
nglumba dipangganira,  
tangkeping prang Bandar Ngali,  
yen wus anggada,  
lajeng anitir-nitir.
8. Datan anggop gadane kadya kitiran,  
bingung kang anadhahi,  
dadya karepotan,  
prange Raja Pijaljal,  
Kabeh ratu Burudangin,  
prajuritira,  
padha aneh ing jurit.
9. Kang angucap kapanane duk angangkat,  
kapanane anggitik,  
nateng Madiskaran,  
pan wus ginulang-gulang,  
tan ana beda ing bindi,  
kang wus utama,  
pangajaring ajurit.

10. Gada siji amadhani gada papat,  
tibane tan ngoberi,  
Sang Raja Pijaljal,  
kether panangkisira,  
parisane tibeng siti,  
sirahing gajah,  
katenggel ing panggitik,
11. Mengsan rebah malopor polo wus pejah  
kasingsal kang anitih,  
kanteb tibanira,  
Pijaljal sru kantaka,  
rinebut wus den gosongi,  
Raja Pijaljal,  
datan amongga pulih.
12. Mubeng neng papan dipongga amandhapan,  
Sang Raja Bandar Ngali,  
nguwuh sumbar-sumbar,  
"Payo Hunuk Marjaban,  
metua tandhing lan mami,  
isen wijohan,  
rajeng Rum Burudangin!
13. Sun kalebu ratu pething wolungdasa,  
ratu kang wus linuwih,  
angreh ratu samya,  
amolungpuluh sowang,  
kang padha ratu prajurit,  
balaning nata,  
jeng gusti Burudangin.
14. Ratu apik Sang Prabu Tasangsul Ngalam,  
narendra Burudangin,  
nora metokken prang,  
ratu durung den ajar,  
kaluwihaning ajurit,  
akeh anjeprah,

punggawa pra dipati.

15. Ratu ipe kang pasthi kadang-kinadang,  
Risang Surayengbumi,  
arine ingalap,  
dhasar putri prawira,  
prandene binasan adhi,  
mring Kakungingrat,  
pantes kinulit daging.
16. Dadi ingsun Hunuk Marjaban sembada,  
pranga lawan sireki,  
sira iku hiya,  
mantune rajeng Ngrokam,  
ratumu lan gusti mami  
sira lan ingwang,  
nora kuciwa tandhing!”
17. Duk miarsa Sang Raja Hunuk Marjaban,  
tedhak anenga langit,  
tumungkul pratala,  
prapta ingkang cinipta,  
sira nateng Ngambar Kawit,  
dipongga awak,  
macan ireng ngajrihi.
18. Sungu kadi wadung sakawan neng sirah,  
buntut lar manyura di,  
sigra denya tedhak,  
saking palongka retna,  
Raja Kalbujer udani,  
kathekerira,  
Hunuk Marjaban keksi.
19. Lamun nijilaken kemat ing pangabar,  
Kalbujer matur aris,  
mring Tasangsul Ngalam,  
”Kakang Prabu punika,

medal kekemat pun kapir,  
Hunuk Marjaban,  
kula mangke nimbangi!

20. Lan asayah pun Bandar Ngali punika,  
paduka nuduh malih,  
kang sami ungaran,”  
sigra Tasangsul Ngalam,  
ngatag prajurit para ji,  
tur sembah mangsah,  
Raja Badingukabir.
21. Nateng Krustal mangsah wahana dipongga,  
nanging lar kadi peksi,  
asirah maesa,  
kuning sukune panjang,  
prapteng papan angajrihi,  
busana mubyar,  
sotya satu her geni.
22. Kadya prahu kunthing malipir samodra,  
muncar kang den layari,  
eram kang tumingal,  
tandange nateng Krustal,  
geng aluhur godheg wok bris,  
netrane gilar,  
raja Badingukabir.
23. Nguwuh-uwuh: ”Lah adhi sira mundura,  
ingsun ingkang nggenteni,  
apan kang timbalan,  
gusti Tasangsul Ngalam.”  
mundur prabu Bandar Ngali,  
Hunuk Marjaban,  
asru denira angling.
24. ”Sapa ranmu ratu kang nggiliri aprang?”  
”Ingsun Badingukabir,



narpati ing Krustal,  
andel isening wijohan,  
para ratu Burudangin,  
iki gegala,  
sumbaga ing ajurit!

25. "Payo Hunuk Marjaban sira nggadaa!"  
"Hiya Badingukabir,  
den padha sudira,  
masanga paris waja!"  
Sang Raja Badingukabir,  
tangkise cawang,  
dudu paris kinardi.
26. Pan sadhepa rong asta panjanging cawang,  
sawentis gengireki,  
Sang Hunuk Marjaban,  
sigra wau kinetab,  
kang wahana sang suratil,  
angangkat gada,  
ginada sri bupati.
27. Duk lumarap awas tibane sinongga,  
ing cawang datan osik,  
pinuled den ikal,  
rapet manjing cecawang,  
asenggak Badingukabir,  
ngetap dipongga,  
andhosok mungsuh neki.
28. Tinahenan kuwat Sang Hunuk Marjaban,  
udreg andedel sami,  
gapyuking dipongga,  
surak mungsuh lan rowang,  
yayah manengker wiyati,  
ingkang ayuda,  
sami prawira kalih.

29. Kadya sunduk ing wukir siwi cangkrama,  
mider met papan sami,  
ndedel jejorogan,  
gantya kontal tan tebah,  
cawang kang tan keni tebih,  
Sang Rajeng Krustal,  
mider pandhosok neki.
30. Kadya mungsuh baruti sajroning jodhang,  
suka kang aningali,  
Sang Prabu ing Krustal,  
tan anggop pangoyoknya,  
andruweng gajah nglawani,  
ngabruk angebyak,  
Sang Nateng Ngambar Kawit.
31. Karepotan tinanggen merang mundura,  
kinabruk wanti-wanti,  
malu pukul cawang,  
kether sayah kalingkab,  
kasaliring kajumpalik,  
Hunuk Marjaban,  
kasingsal saking hesthi.
32. Tibeng siti wungu enget narik pedhang,  
Raja Badingukabir,  
pan harsa den rangsang,  
kebat anangkis cawang,  
pedhang tikel tibeng siti,  
meh ambabada,  
Sang Prabu Ngambar Kawit.
33. Pan kasar saputing kang bagaskara,  
pur mundur kang ajurit,  
tetege ngapinjal,  
kang munduraken aprang,  
Sang Prabu Badingukabir,  
ngatepang wedhar,

undure ingkang hesthi.

34. Sami mesem umiyat Sang nateng Krustal,  
sagung ingkang para ji,  
muji sektinira,  
wagede ing ayuda,  
sinambrama ing branduwin,  
mring gustinira,  
Nateng Rum Burudangin.
35. Bubar sagung para ratu masanggrahan,  
lajeng bojana sami,  
dalus andrawina,  
Hurmus Tasangsul Ngalam,  
kumpul sagunging para ji,  
Nahan wau ta,  
undure ngusap weni.

## XXVII. PRABU HUNUK MARJABAN WANGSUL DHATENG KALA KODRAT.

### Sinom

1. Sang Raja Hunuk Marjaban,  
siniwi wadya prajurit,  
Hirman Baktiyar neng ngarsa,  
Raja Hunuk ngandika ris,  
”Heh sang rajeng Medayin,  
prang puniki tan kiwul,  
dhewek manggung kasoran,  
kula tan nongga nadhahi,  
ing yudane para prajurit Kuparman.
2. Lan iki Sang Raja Balbal,  
durung waras denya kanin,  
manawa mungsuh anggecak,  
banget kerone tyas mami,  
pan harsa sun unduri,  
marang Kala Kodrat ingsun,  
angungsi Raja Salsal,  
ngaturken kadange kanin.  
yen nusula wong Kuparman pasthi sirna.
3. Denira Sang Raja Salsal,  
runtike kadange kanin,  
ingsun budhal benjang-enjang,  
Lah daweg nateng Medayin,  
sampun pisah lan mami,  
sabiyantu lara lampus!”  
Hirman matur sandika,  
ewed de manah prihatin,  
Ki Baktiyar ngencengi atur anuta.
4. Sampun ngundhangsi siyaga,  
Balbal pan winot ing joli,  
ing dalu tan winursita,

- enjing budhal bangun enjing,  
 nggerus sagunging baris,  
 ing lampahira kesusu,  
 manawa tinututan,  
 dening wadya Burudangin,  
 langkung giras Sang Prabu Hunuk Marjaban,
5. Enjing Sang Raja ing Makwah,  
 tur priksa raja Kusilkin,  
 Sang Prabu Tasangsul Ngalam,  
 yen ingkang mengsah ngoncati,  
 budhal ing wau latri,  
 sawadyanira akebut,  
 Mraja Hunuk Marjaban,  
 lan raja Hirman tut wuri,  
 sabalane anut ki Patih Baktiyar.
6. Sang Prabu Tasangsul Ngalam,  
 lawan punggawanireki,  
 tuwin sagung para nata,  
 senapati den aturi,  
 yen mengsah sampun gusis,  
 pinanjingan kithanipun,  
 baris jawining kitha,  
 kebut sadinten angalih,  
 samya manjing ing Makwah sawadyanira.
7. Raja Hurmus ingaturan,  
 ngebroki sajroning puri,  
 Sang Prabu Tasangsul Ngalam,  
 kang makuwon ing sitinggil,  
 Raja Kemar Kuwari,  
 bangsal pengapit nggenipun,  
 sagung kang para raja,  
 anambungi kanan kering,  
 wusnya tata pikir ngaturi uninga.

8.   Maring nagari Kuparman,  
      ing Ngusur Sri Narapati,  
      Dukyanus kinen nenurat,  
      kang badhe katur ing gusti,  
      ratu tyase undhagi,  
      ing Ngusur Raja Dukyanus,  
      dadya kang ponang surat,  
      nudu bupati kekalih,  
      lancarkan ambekta nyewu turongga.
9.   Mesat kang ngembani surat,  
      ing wuri amarentahi,  
      Sang Prabu Tasangsul Ngalam,  
      Rajeng Kulup lan Kubarsi,  
      Sang Prabu ing Kuwari,  
      Kemar pangiriding laku,  
      ngodhol Hunuk Marjaban,  
      lan Prabu Hirman Medayin.  
      Raja Wiswel kinanthekken cucuk ngarsa.
10. mBekta ratu wolungdasa,  
      panekarira tan kari,  
      budhal saking nagri Makwah,  
      pangarsa nateng Kanardis,  
      raja Wiswel prajurit,  
      kang andel titihanipun,  
      sami macan sadaya,  
      raja Kalbujer nambungi,  
      Sang Maliyat Kustur andhadhani lampah.
11. Ing wuri Sang Rajeng Kemar,  
      langkung ageng tyasireki,  
      angajab mungsuh mandhega,  
      wus lepas lampahireki,  
      let kedhik den tututi,  
      agenti pakuwonipun,  
      pineksa datan kena,

kepareng doh tan ngandhegi,  
pan kasusu susah atine kang mengsah.

12. Wuwusen kang ngemban surat,  
nagri Kuparman wus prapti,  
katur ing Sang Kakungingrat,  
tinampan sinuksmeng galih,  
suka duk miarseki,  
kang raka ngandikan rawuh,  
inguncalan kang surat,  
”Punika kakang den aglis,  
Wangsulana surat saking pabarisan.
13. Yayi Hurmus lilanana,  
lan yayi Rum Burudangin,  
njujul maring Kala Kodrat,  
ngong hiya nusul ing benjing.”  
Dipati Guritwesi,  
Harya Maktal lan Semakun,  
wus prapteng jroning pura,  
angadhep kang karya tulis,  
Menak Abas tan adangu sampun dadya.
14. Alon denira ngandika,  
Wong Agung Surayengbumi,  
”Yayi Mas ing Parangteja,  
kang Dipati Guritwesi,  
bedhahe Makwah iki,  
yayi Prabu harsa njujul,  
ngungsi ing Kala Kodrat,  
yayi Prabu ing Medayin,  
binantonan dhingin kang aneng barisan.
15. Nagri geng ing Kala Kodrat,  
mbok dadi kuciwa yayi,  
yayi Prabu ing Yujana,  
iku kon dandan ngajurit,

ing Demis lan Biraji,  
Kunawar melua mbantu,  
ing yayi Kewusnendar,”  
Ngandikan wus prapteng wuri,  
angandika: ”Yayi Prabu ing Yujana.

16. Busanaa ing ayuda,  
Kunawar Demis Biraji,  
kang padha melu ing sira,  
bebantu kang lunga jurit,  
yayi Ngrum Burudangin,  
lawan yayi Prabu Hurmus,  
banjur mring Kala Kodrat,  
tyasingsun yayi kuwatir,  
ratu agung pandhega prang Raja Salsal.
17. Lan parek nagara Ngrokam,  
miwah Sorangan tan tebih,  
kutha Gaji Mondalika,  
Huktur ta ing ngriku yayi,  
dadi kapareng atis,  
yen nora sinungan bantu,”  
Kewusnendar sandika,  
Sakawan wus sami mijil,  
prapteng jawi kang tumut wus dhinawuhan.
18. Ing dalu tan kawursita,  
enjing budhale Sang Aji,  
ing Yujana Kewusnendar,  
Kunawar Demis Biraji,  
kang sami atut wuri,  
lampahe baris gumuruh,  
gagaman warra-warna,  
kadya yangyang wukir agni,  
ingakang munggeng ing ngarsa Rajeng Kunawar.
19. Rajeng Biraji wurinya,  
ing lampah kang andhadhani,



narapati Kewusnendar,  
prajurit panata baris,  
wuri Sang nateng Demis,  
lepas ingkang baris agung,  
Kuneng ingkang winarna,  
Nyai Ageng Prameswari,  
ingaturan warta saking pabarisan.

20. Yen kang putra raja Hirman,  
lajeng denya ngungsi-ungsi,  
mring nagari Kala Kodrat,  
kang rayi maksih angungsir,  
ngesuk saparaneki,  
sira Sang Aprabu Hurmus,  
sawadya para nata,  
angung samarga don jurit,  
rusak wonge Sang Hirman kaponthal-ponthal.
21. Wus mati pamupusira,  
Nyai Ageng Prameswari,  
sapuluh-sapuluh baya,  
mongsa kenaa den pikir,  
lara kalawan pati,  
pan karsane Hyang Kang Agung,  
wus takdire si Hirman,  
tan kena ginawe becik,  
mati nyandhang iman pati siya-siya.
22. Tan kena melu-melua,  
jenenge kawula iki,  
pamuwusira santosa,  
Kuneng malih kang winarni,  
carakanira prapti,  
saking Kubarman sul-angsul,  
linilan anjujula,  
mengsah saparanireki,  
lan miarsa binantonan Kewusnendar.

23. Sang Raja Hurmus tengara,  
miwah nateng Burudangin,  
samekta kang bala kuswa,  
saking ing Makwah nagari,  
sira Raja Kusilkin,  
sabalanira pihanjur,  
narapati ing Makwah,  
ginelak lampahing baris,  
andhakana ratu kang sampun lumampah.
24. Kuneng ingkang kawuwusa,  
Hunuk Marjaban wus prapti,  
ing nagari Kala Kodrat,  
lawan Prabu ing Medayin,  
katur sri narapati,  
yen kasoran yudanipun,  
risak bala keh pejah,  
Raja Balbal nandhang kanin,  
mengsahipun anglud samya atut wuntat.
25. Mangke ngancik ing tampingan,  
pun Raja Kemar prajurit.”  
Raja Salsal duk miarsa,  
angakak angentrog wentis,  
”Enak wong Puser Bumi,  
sira tur nyawa maring sun,  
Hiya antinen padha,  
sira nora mulat maning,  
kang sumorot ing donya samsi lan kamar!”
26. Raja Hirman ingaturan,  
makuwon sajro kitheki,  
lan Raja Hunuk Marjaban,  
ngebroki wismeng dipati,  
sacukupe wadyeki,  
punggawa ingkang tinundhung,  
rerem ing pendhak dina,

ingaturan ing sitinggil,  
ambojana Sang Prabu ing Kala Kodrat.

27. Langkung saking cinangkrama,  
sira Prabu ing Medayin,  
ginathuk palangkanira,  
Hunuk Marjaban ing kering,  
Patih Baktiyar nunggil,  
lan Patih Kalkal puniku,  
ngandika Raja Salsal,  
”Heh Sang Prabu ing Medayin,  
sampun maras praptane bala Kuparman.
28. Ingkang mbebujung ing sira,  
nadyan si Surayengbumi,  
yen praptaa asrah nyawa,  
sajege wong Puser Bumi,  
kaliwat nglelanangi,  
datanpa tandhing kumlungkung,  
jer durung andon aprang,  
marang praja ngong ing ngriki.  
lawan durung mbebara prang marang Ngrokam.
29. Kula kang amulihena,  
kasusahanira pasthi!”  
Angakak tuhu sembada,  
gengira sri narapati,  
apan satus gas nenggih,  
kalawan punjul sapuluh,  
godheg wok simbar jaja,  
netranira angajrihi.  
lirap-lirap kadya netraning danawa.
30. Mangkana Sang Raja Salsal,  
bojana mider kang larih,  
Hunuk Marjaban tinanya,  
tingkahe wong Ngarab jurit,  
matur ye sami luwih,

”Sagung ingkang para ratu,  
awrat-awrat wong Ngarab,  
tan wonten apes satunggil,  
punggawane satriyane sami uga.

31. Ri paduka Raja Balbal,  
Kalbujer rowange jurit,  
samanten ingkang picondhang,  
sawulan tan kena mari;  
bala kang lunga wengi,  
amemongsa sami lampus,  
datan antuk memongsa,  
pinten-pinten sami mati,  
saben dalu pejah balanipun **Balbal.**”
32. Lagya sakeca ngandika,  
dumrojog ing ngarsa prapti,  
bupati jaga tampingan,  
matur sarwi mempis-mempis,  
”Pukulun mengsah prapti,  
kalangkung ing resahipun,  
tan kena wong katingal,  
sipat lanang den pateni,  
nadyan lare sipat jalu pinejahan.
33. Pawestrine binoyongan,  
gusis dhusun kanan kering,  
den esuk kang ngungsi harga,  
mila wadya keh kang ngungsi,  
inggihi dhateng nagari,  
kang mengsah lajeng mbebujung,  
boten kendel punika,  
wonten dhusun kang paminggir,  
mengsah lajeng tan taha prajurit Arab.”
34. Raja Salsal angandika,  
”Sapa pangiriding baris?”

Punggawa tampingan nembah,  
”Ratu saking ing Kuwari,  
dene ingkang anindhihi,  
pun Raja Maliyat Kustur,  
balane para raja,  
ratu saking ing Kubarsi,  
lawan Raja Kalbujer Kulup kithanya.

35. Ratu kakalih punika,  
let tigang dinten duk prapti,  
ing mangke panggenanira,  
inggi amung let sahari,  
dedamel ageng wingking,  
nggene senapatinipun,  
Raja Hurmus punika,  
lan nateng Rum Burudangin,  
langkung agung balane Tasangsul Ngalam.
36. Nenggi ratu wolungdasa,  
tinumutken cucuk neki,  
Balane Tasangsul Ngalam,  
Sang Raja Wiswel Kanardis,  
resah angalangkungi,  
baris punika pukulun.”  
Maksih eca ngandika,  
Patih Kalkal tur udani,  
wonten duta saking ta pun Sangsul Ngalam.
37. Ambekta tunggul panantang,  
Rajeng Rum ing Burudangin,  
wonten sewu nitih macan,  
macan sewu den jembuli,  
buntutipun aputih,  
mung kekalih mantrinipun,  
punika ingkang serat,  
pened mantrine kekalih,  
Timbalana inggi ing ngarsa paduka.”

38. "Hiya kang loro kewala!"  
sigra tinimbalan prapti,  
neng wurine Patih Kalkal,  
surate winaca aglis,  
"Penget puniki tulis,  
nenggih saking Sang Aprabu,  
Hiya Tasangsul Ngalam,  
Raja ing Rum Burudangin,  
Wruhanira Raja Salsal Kala Kodrat.
39. Prapteng ngong ngirid gegaman,  
ing nagaranira iki,  
ambebujujung buroning wang,  
roro ngungsi ing sireki,  
ratu ing Ngambar Kawit,  
Si Hunuk Marjaban iku,  
kalawan Ratu Hirman,  
iku raja ing Medayin,  
aturena bebandan ing ngarsaning wang.
40. Lamun nora mangkonoa,  
heh Raja Salsal den eling,  
sun rusak nagaranira,  
sun gempur kuthanireki,  
yen sira angukuhi,  
den enggal payo prang pupuh!"  
Titi nata ngandika,  
"Matura ratumu aglis,  
sun kukuhi nganggo wani gambuh ing prang.

## XXVIII. PRABU HIRMAN MERTOBA

### Gambuh

1. Sakarepe ratumu,  
pan nora sudi ngladeni ingsun,  
lamun dudu wong Agung Surayengbumi,  
ngrawati bangkong anglindur,  
Hiya dudu tandhinging ngong.
2. Apranga lan ratumu,  
ika pedhotan pan ingsun wutuh,  
apa gawe prang lan wong pating saluwir,  
akarepe amrih mungsuh,  
uwis matura mangkono!”
3. Caraka amit mundur,  
mesat narendra lajeng tumundhuk,  
prapta aglar pra dipati angladeni,  
warna-warna ulamipun,  
kang dadi adi iwak wong.
4. Etim sirah kadulu,  
mengengah meksih untune wutuh,  
mung rambute kinerik kongsi balindhis,  
kuping irung sami wutuh,  
lan pindhang anteb bebokong.
5. Siji pindhange genjur,  
lare kang lagi umur setahun,  
epek-epek delamakan sami maksih,  
lan panggang tangan ing sikut,  
watese ingkang kinethok.
6. Tur maksih kulitipun,  
dariji kabeh pan maksih wutuh,  
iku lalab cinuwil kang sanget enyir,  
Sang Ratu Hirman andulu,

mungur-mungur mumet panon.

7. Sang Salsal sumarikut,  
panggang dariji sinisil gupuh,  
etim sirah pinecah polone pinrih,  
kinokop sarwi ginilut,  
Hirman pijer enek ndongong.
8. Atine mungkag-mungkug,  
kelingan jenang Bestak rumuhun,  
pan kagagas sangsaya enek kepati,  
Hunuk Marjaban sru muwus,  
”Daweg dhahara sang katong.
9. Awon bilih kadulu,  
dika anurut amet tyasipun,  
pan puniki si rangkas-angkas ing jurit.  
sasukanira tinurut,  
lah betahena sang katong!”
10. Nanging Hirman kadulu,  
polahe wong dhahar teka ngelu,  
Raja Salsal wruh Hirman pan nora bukti,  
dennya muluk-muluk wurung,  
linirik dening sang katong.
11. Ngandika Sang Aprabu,  
”Heh Ratu Hirman nora amuluk,  
durung weruh rasane iwak wong iki,  
yekti tuman kang wus weruh,  
rasane bekacem uwong.
12. ”Lah daweg yayi prabu,  
puniki eca gorengan usus,  
lan jaringan punika ndika icipi,  
lawan iki rempan susu,  
lah daweg bekacem polo!”
13. Ajrih nampik Sang Prabu,



sigra dhinahar saweg kalebu,  
pan sumentug wetenge enek tan sipi,  
nuntak-nuntak Sang Aprabu  
sanget mumet anggaloso.

14. Raja Salsal arengu,  
"Ratu tan pantes si Hirman iku,  
undurena yen awet neng ngarsa mami,  
sun tibani gada luluh!"  
Hunuk Marjaban nulyakon.
15. Baktiyar nggawa mundur,  
prapteng pakuwon grah nek sang prabu,  
enek sanget mutah ilat siyang latri,  
awatara pitung dalu,  
warase Hirman Sang Katong.
16. Wau ta Sang Aprabu,  
Salsal pan maksih ing rengunipun,  
angandika mring putra lawan pepatih,  
"Pondhok Medayin puniku,  
tan pantes den nggoni katong.
17. Si Hirman saben dalu,  
bakasemana balane iku,  
lemengana pan enak padha sireki,  
uwong bala ing Medayun,  
iku kang wajib binadhog!
18. Aja mbadhog sireku,  
wong wani aprang sira kapikut,  
ingkang nora wani prang mung wong Medayin,  
memangsanen saben dalu!"  
Ya ta wau ing cariyos.
19. Kathah kalong ing dalu,  
miwah rahina tan ana luput,  
- Wong Medayin singa kapencil tan mulih,

atintrim pakuwonipun,  
ngenes kathah gring ponang wong.

20. Kuneng ta praptanipun,  
baris kang wuri sampun akumpul,  
Kewusnendar lan nateng Rum Burudangin,  
”Yen suwawi kakang Prabu,  
lamun wonten wong manjing jro.
21. Bupati miwah ratu,  
saking amanca kawula gempur,  
boten kula sukani manjing kitheki,  
Raja Salsal dimen metu,  
nunten mijila palugon.”
22. Mesem denira muwus,  
nateng ing Rum Burudangin Prabu,  
Kewusnendar miwah kakang ing Kuwari,  
kang sami wong agung sepuh,  
ratu kalih matur alon.
23. ”Inggih ta yayi Prabu,  
dhewek puniki nedya prang pupuh,  
kang pinerep puniku sanes agami,  
tan arsa medal prang pupuh,  
marma ta yen para katong.
24. Kang prapta yun ambantu,  
saking ing bumi amanca masuk,  
saking kitha ginepuk saking ing jawi,  
lamun bupati ngengintun,  
bebek kambing miwah uwos.
25. Puniku boten patut,  
yekti nistha kalamun ginepuk,  
lamun ratu praptane bantu ngajurit,  
puniku pantes ginepuk,  
lamun tan puruna awor.

26. Marang gegamanipun,  
"Lamun kawula ta yayi Prabu,  
långkung saking prayoga sagung para ji,  
sadaya rempeg kang rembug,  
kadya Kewusnendar katong."
27. Nulya Prabu Tasangsul,  
Ngalam sira Prabu Hurmus,  
ngelar-elar jajahan manca-nagari,  
tinumpesan yen tan mantun,  
denya sami ambadhog wong.
28. Rajeng Makwah tinuduh,  
lawan ta sira raja Kalkuwur,  
lawan para ratu Kulup lan Kubarsi,  
tinumres wong buminipun,  
yen nora mari mangan wong.
29. Wadyane para ratu,  
samyane mepeti baris marga gung,  
yen ana wong liwat pra sami tiniti,  
"Kowe uwis apa durung,  
ping pira denya mbadhog wong?"
30. Lamun ngaku ping telu,  
nuli pinaten yen nora ngaku,  
inguripan kinen asalin agami,  
yen datan purun linampus,  
geger busekan ponang wong.
31. Kathah angungsi gunung,  
sami angesuk marang ing pucuk,  
cinekelan tinitik tiniti-titi,  
"Tutura sapagurumu,  
sapa taberi mbadhog wong?"
32. "Ing Drenges wistanipun,  
sadhusun wonten isi wong sewu,

- boten keni den sanjani den ampiri,  
dhateng ing mancapatipun,  
nunten anyepeng binadhog.
33. Bekele Abu Jemut,  
lawan kadange pun Bani Sablu,  
wong kakalih punika ingkang ngajani,  
dhateng anak putunipun,  
suwung mancapat lor kulon.
34. Miwah kang wetan kidul,  
suweng manca-pat manca-ma-nipun,  
nadyan inggih kang manca sepuluh gusis.  
ajrih dhateng Sablu Jemut  
sanget doyanipun uwong.
35. Sigra mantri tinuduh,  
sekawan ambekta kalih atus,  
balanipun Raja Wiswel ing Kanardis,  
prapta ing dhusun kinepung  
tinumpesan lanang wadon.
36. Tekan bocah linampus,  
sadesa pisan tumpes ginempur,  
lare cilik datan ana luput siji,  
wonge lanang kang asepuh.  
sadaya sami kinethok.
37. Pinanjer sirahipun,  
jawining dhadhah mubeng akemput,  
tan ana kang maluwa panjeraneki,  
lanang wadone kang sepuh,  
sami pinanjer jejodhon.
38. Giris kang samya ngrungu,  
yen desa Drenges tumpes ginempur,  
parentahe Sang Nateng Rum Burudangin,  
kekes awingwrin kang langkung,

kacandhak angungsi adoh.

39. Dhusun Drenges puniku,  
tumul ing lurah gamel Sang Prabu,  
enggal kapiarsa saking jroning puri,  
kalamun balane mungsuh,  
angubres kang mbadhog uwong.
40. Saenggone den esuk,  
ginecak-gecak endhas ing watu,  
pan misuwur raja Hirman pan miarsi,  
asanget prihatinipun,  
balane wus kalong ewon
41. Dadya nantun angutus,  
mring Raden Wahas: "Paman sireku,  
katemua kakang Prabu Burudangin,  
matur atur tabikingsun,  
mring Kakang Prabu pikapok."
42. Raden Wahas wus metu,  
ing dalu wadya tan ana weruh,  
prapteng kuwunira nateng Burudangin,  
matur atur tabikipun,  
lan Burudangin Sang Katong.
43. Raden Wahas turipun,  
"Amba ingutus mring yayi prabu,  
Hirman minta pitulung wadyane mangkin,  
kathah longe saben dalu,  
wadya Medayin cinolong.
44. Mangke nalangsanipun,  
rayi paduka rajeng Medayun,  
angandika Sang Nateng Rum Burudangin,  
"Ngong pikir lawan Sang Prabu,  
Hurmus senapatining ngong."
45. Ingaturan wus rawuh,

tata alengguh Sang Rajeng Hurmus,  
"Heh ta paman Wahas pakenira prapti,  
punapa ta kayunipun?"  
Raden Wahas matur alon.

46. "Inggih angger ingutus,  
sakathahipun atur wus katur,  
raka tuwan Sang Nateng Rum Burudangin."  
Nahuri mula puniku,  
ngaturan manising raos.

## XXIX. PRABU HIRMAN DIPUN SADATAKEN MALIH

### Dhandhanggula

1.    ”Raka ndika karsanipun mangkin,  
        analongsa ingkang kaluputan,  
        ing mangke ngraos lupute  
        saking ing bekjanipun,  
        kataliweng langkung tan sipi.”  
        Raja Hurmus ngandika,  
        ” Lamun Kakang Prabu,  
        Tasangsul Ngalam nanggunga,  
        pan katanggung yen kula dereng kuwawi,  
        ajrih lamun nanggunga.
2.    Kakang Yujana kakang Kuwari,  
        wartanana ing raos punika.”  
        Tasangsul Ngalam nulya ge,  
        ngaturi para ratu,  
        dhedhemitan pating kalesik,  
        Sang Prabu Kewusnendar,  
        lan Maliyat Kustur,  
        Kemar Kalbujer wus prapta,  
        miwah Prabu Dukyanis lawan Dukyadis,  
        praptane tanpa wadya.
3.    Sami agunem pating kalesik,  
        para ratu mbagekken sadaya,  
        ing Raden Wahas praptane,  
        sami suka gumuyu,  
        ”Eyang-eyung panggawe iki,  
        karyane Raden Wahas,  
        ingkang eyang-eyung,  
        poyang-paying apuyengan,  
        mangke ngiyeng balane ing saben wengi,  
        cinolong agung ilang.
4.    Kudu ngungsi nagaraning eblis,

adol umbag ndika Raden Wahas,  
 ajeng ngerobi lakune,  
 teka karoban agung,  
 kurang awas ndika puniki!”  
 Sangsaya gujengira,  
 sagung para ratu,  
 anyableki Raden Wahas,  
 Angandika Sang Nateng Rum Burudangin,  
 ”Kakang Prabu sadaya.

5. Miwah yayi-yayi Prabu sami,  
 rewangana ananggung kawula,  
 ing Prabu Hirman lakune,  
 lagi sapisan kuntung,  
 mesakaken nenggih puniki,  
 boten tinulungana,  
 wadyanipun gempur,  
 saben dalu binadhogan,  
 kalong ewon.” Rajeng Kulup matur aris,  
 ”Suwawi ginendhinga.
6. Yen wus rayi paduka Medayin,  
 sampun tuwan tarima tabiknya,  
 inggih nunten mbidhalake,  
 saking kitha pukulun,  
 abdi tuwan pun Bahubadrin,  
 Kalmet Badras lan Koncrat,  
 Badakir Kalkuwur,  
 sami manjinga ing kitha,  
 anjagani anampeg cidranireki,  
 dadosa ing prakara.
7. Sasat methuk rayi paduka ji,  
 nadyan inggih tuwan andikakna,  
 sandika ngawaki dhewe,”  
 Alon denira muwus,  
 sira Prabu Rum Burudangin.



”Hiya yayi prayoga,  
rumeksa wongipun,  
yayi Medayin kalongnya,  
tinemua kiwule karsanireki,  
riyep para narendra.”

8. Wanci pukul sadasa rinakit,  
wus samekta saguning prang kemat,  
ingkang mongka tetindhihe,  
Kalbujer rajeng Kulup,  
wonten kawan atus prajurit,  
wong Ngusur wong Kalkiyah,  
Kubarsi lan Kulup,  
wong Burudangin akathah,  
raja Wiswel ingkang anjaga ing rempit.”  
Kalbujer undhangira.
9. Raden Wahas pan sareng umijil,  
lampah nilib manjing ing jro pura,  
datan kawruhan ing akeh,  
praptane kang jinujug,  
pakuwone Rajeng Medayin  
ing kebön pepungkuran,  
patamanan kidul,  
Raden Wahas panggih lawan,  
Prabu Hirman lampahe katur bibisik,  
”Yen karsane kang raka.
10. Sang Aprabu ing Rum Burudangin,  
amrih kiwule wadya paduka,  
ingkang minongka icale,  
anilib Rajeng Kulub,  
tuwan wingi puniki sami,  
samekta asedhia.”  
barang reh wus katur,  
binisikan rerempitan,  
Wus mangkana nimbali Rekyana Patih,

Baktiyar prapteng ngarsa.

11. Angandika Sang Rajeng Medayin,  
"Paran iki heh patih Baktiyar,  
wong Medayin keh kalonge,  
ginayem saben dalu."  
matur nembah Rekyana Patih,  
"Tuwan antos sakedhap,  
Wau Sang Aprabu,  
duka sri bupati Salsal,  
miarsa yen balane dipun tumpesi,  
dhateng Tasangsul Ngalam.
12. Tiyang dhusun miwah wukir-wukir,"  
Raja Hirman alon angandika,  
"Pangrunguningsun mangkene,  
milalu luwangipun,  
hiya ingkang padha mateni,  
tinitik saenggonnya,  
katemu ginempur,  
balane Tasangsul Ngalam,  
prajurite prabu ing Rum Burudangin,  
ngosak-asik padesan.
13. Nora kaya tuturira iki!"  
Patih matur: "Sok inggih tiyanga,  
Sang Nata Salsal milane,  
ing wingking punika wus,  
nglampahaken sewu prajurit,  
milih kang doyan mentah,  
manjing baris agung,  
yen wus geger binadhogan!"  
Kyana Patih Baktiyar pan sampun mijil,  
marang pakuwonira.
14. Kawarnaa dutaning narpati,  
kang nglampahken duta amemongsa,  
nekakken ing bramantyané,

Raja Salsal puniku,  
kang dinuta pikiring margi,  
pangarepe sakawan,  
enake ing laku,  
padhane semek ing dalan,  
nadyan manjingana baris ageng nenggih,  
wus aseger mbok aprang!

15. Padha mampir pondhokan Medayin,  
asesarap wus rembag sadaya,  
mampir mbebadhog karsane,  
Wuwusen Nateng Kulup,  
sakancane sampun miranti,  
lor kidul kiri kanan,  
sagegamanipun,  
kemate sampun samekta,  
duk tumingal ana wong sewu mrepeki,  
anedy a mampir sarap.
16. Dupi parek samya angetaki,  
kumrutug ingkang peputhon waja,  
pating gerapluk sirahe,  
bindi gada tumanduk,  
kematira bala Kubarsi,  
pitu pat bareng mangsah,  
ana telung puluh,  
busekan ing ngarsa ngrampas,  
anggelasah pan kadi babadan pacing,  
ing wuri marang ngarsa.
17. Tan anyana yen mbondakalani,  
dene datan ana rupanira,  
amung wruh swarane bae,  
kang rubuh kabarubuh,  
ana ingkang dipun cekeli,  
wong sewu sampun sirna,  
rong jam sirmanipun,

kang kacekel kinethokan,  
wus mangkana Baktiyar kang den sirepi,  
sabalane anendra,

18. Budha! dalu Sang Rajeng Medayin,  
ingkang arepot sami tinilar,  
kasusu sanget lampahe,  
seketheng kang atugur,  
bupatine wus den pateni,  
tumpes sarowangira,  
dening rajeng Kulup,  
lawange sampun binuka,  
pan gumredeng wedale bala Medayin,  
telung jam dereng telas.
19. Ingkang repot sami den antosi,  
Raja Wiswel tinuduh ngantia,  
tunggu lawange saketheng,  
Hirman rawuhe sampun,  
prapteng Kuwu ing Burudangin,  
emeh byar telasira.  
Wau kang winuwus,  
Raja Salsal dutanira,  
animbali enjing mring nateng Medayin,  
pan harsa andrawina.
20. Mulat lamun pasanggrahan sepi,  
mula: prajurit ing Kala Kodrat,  
wong sewu pan tumpes kabeh,  
sami andeling pandung,  
duta marang Rekyana Patih,  
Baktiyar maksih nendra,  
lan sabalanipun,  
ginugah aguragapan,  
marang duta: "Ratumu ana ing ngendi?  
sabalane tan ana!
21. Ana bangke wong sewu puniki,

padha jurune Sri Narapati,  
kang wignya mongsa wong kabeh!”  
Baktiyar mara gupuh,  
mring pakuwon estu yen sepi,  
Baktiyar dharodhogan,  
”Pagene Sang Prabu,  
atinggal ing sun lolosnya,  
ingsun andheg duk ing wingi sore nari,  
Iki pasthi den gawa.

22. Mring balane nateng Burudangin.”  
Kang nimbali Hirman asru ngucap,  
”Alah payo sira bae!  
Apan ratumu suwung,  
payo marek Sri Narapati!”  
Baktiyar thol-etholan,  
pucet netranipun  
ulate sawang kunarpa,  
harsa mopo ajrih saksana lumaris,  
praptane panangkilan.
23. Katur lamun minggat wong Medayin,  
sami gusis sawengi punika,  
amung kantun pepatihe,  
eram sagung kang ndulu,  
Raja Hunuk Marjaban angling,  
umatur mring Sang Nata,  
”Punika pukulun,  
senapati pabarisan,  
pandamele Sang Nateng Rum Burudangin  
dutane aprang kemat.”
24. Sri Marjaban angling mring Kya Patih,  
”Apa nora ataren mring sira,  
Sang Hirman ika lolose?”  
Baktiyar nembah matur,  
”Inggih wingi sonten nenari,

prakawis ingkang wadya,  
karisakanipun,  
saben dalu dipun mongsa,  
kalong ewon agiris arsa ngoncati,  
kawula sanget malang.”

25. Prapta wadya kang ajaga kori,  
tur uninga yen punggawa pejah,  
